ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЬЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№180 (21.588) ● 2009 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 26, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Индием кьикIа хьэщIэхэр.

Италием и лIыкIуэхэр Лениным и уэрамым кьрокIуэ.

Лъэпкъ-щэнхабзэ лэгъупыкъу

Дунейпсо щэнхабзэ хьугъуэфIыгъуэхэм я лэгъупыкъу мы махуэхэм Налшык щхьэщыгъ - гъуэзэджэу, пхуэжьмыIэну гухэхьуэу «Къафэхэр - Iуащхьэмахуэ и щыгум» И Дунейпсо Iуэрыуатэ фестивалыр йокIуэкI.

ФокIадэм и 24-м Налшык и Театр ЩхьэантIэм щыIэхаублащ ар. ГуфIэгъуэ пшыхьым хэтащ Щэнхабзэмкlэ Урысей Федерацэм и Зэзыгъэуly советым и Х зэхуэсым и лIыкIуэхэу мы махуэхэм Налшык щыщыIаехэр. Ахэри, адрей къэщIэхэри лъэпкъ фащэхэмкIэ зэщыхуэпыкIауэ къраГъэблагъэрт Театр Щхьэантlэм и щыхьэпIэхэм щыIэхэт сабий нэщхьыфIэхэм, ныбжьыщIэ къэфакIуэ гупхэм хэт цыкIухэм. Фестивалым и дамыгъэр, шархэр, уагъэ зэмыфэгъухэр дэнэкIи щыпльагъурт, щэнхабзэ зэхьэхьэшхуэм и хьыбарегъащIэ афишэм папщIэ Iуэхум екIу дыдэу къыхахат ди лъахэгъу сурэтыщI щIэрыIуэ Пащт-Хьан Алим и «Фестиваль» литературе щхьэкIэплъыкIэм щыщ сериехэр.

Гуфlэгъуэ пшыхьыр къызэIуахэ нэужь, хьэщIэхэм фIэхьус гуапэкIэ зыхуагъэзащ, фестивалым екъулIэныгъэ иIэну ехьуэхьуащ КъБР-м и Президент **Кьанокьуэ Арсенрэ** УФ-м щэнхабзэмкIэ и министр **Авдеев Александррэ.**

- ПщIэ зыхуэсщI Президент! Ныбжьэгъу лъапIэхэ! Дэ нобэ дыззэхуэзышэсар къызэрымыкIуэу дахэ Iуэхугъуэщ, - жиIащ Авдеев Александр. - Зи гугъу сщIыр Урысейм кьыщыхьу щэнхабзэ Iуэхугъуэ щхьэпэхэм мы фестивалыр зэращыщырщ, абы дунейпсо мыхьэнэ иIэу кьыззрыззэвгъэпэщыфарщ. Ар фи щIыналъэм зэрыщеIуэкIым кьигъэльагъуэр фи жумартагъэм и закъуэкьым, атIэ мы лъахэм щыпсэу цыхуэхэм я гур щэнхабзэ лъапIэныгъэхэм зэрыхуэзIухарщ, кьафэр фIыуэ зэрыдгъэгъуэщ, лъэпкьыбэ творчествэм пщIэ зэрыхуэфщIырщ.

Сэ фIыуэ кьызгуроIуэ хамэ кьэралхэм кьикIауэ мы фестивалым хэт кьэфакIуэхэм иджыпсту зыхащIэр, абыхэм я нэгу щIэкI псом зэрыщыгуфIыкIыр. СогъэщIагъуэ хамэ кьэралхэм я щэнхабзэ зыужьыкIэм гупсэхуу фыкIэльпльыну къыззрывэхьулIэр, абы кьыдэкIуэри сроГушхуэ фи зэфIэкIэр дахэу зэрыбгъэльагъуэм. А псом кьыхэкIыу фIыщIэ фхузощI Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Кьанокьуэ Арсени мы фестиваль дахэм зи гуащIэ хэзыльхьа, ар Урысейм и щэнхабзэ гъащIэм и зы теплъэгъуэ зыщIа псоми.

- ХьэщIэ лъапIэхэ! Фыуэ слъагъу си лъахэгъуэ, фIэхьус гуапэ псоми фызох! - жиIащ Кьанокьуэ Арсен кьэпсэльапIэр хуит щыхуащIым. - Мы махуэхэм ди республикэм кьытхуеблэгъа хьэщIэхэр кьызытекIухьа Iуэхуэхэм зэреIэкьым кьыдэкIу эу, сыхуейт абыхэм ди щыналъэм и дахагъэм гупсэхугъуэ кьаритыну, я нэгу зрагъэужьыну, ди цIыхуэхэр хьэщIэкIэ зэрыжумартыр гукIи псэкIи зыхащIэну. Ди гуапэт мыпхуэдэ зэхьыхь нэхьыбэ Кавказ Ищхьэрэм щекIуэкIыныр, абы дэркIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэм, мы щIыналъэм щыпсэу лъэпкъхэр нэхь зэкъуэт зэрищIым кьыхэкIыу. Мы утым пщIэ кьэзыгъэбэну Авдеев Александр фIыщIэ хуэсщIынут, кьэралым Щэнхабзэмкlэ и министерствэм Къэбэрдей-Балъкъэрым иужьрей ильэсхэм гулыитэшхуэ кьыззрыхуищIым утым пащIэ. Ныщхьэбэ дыщызэхуэса Театр Щхьэантlэр лъэныкъуитIым ди мыльку зэхэлIкI къэдгъэщIэрэщIэжауэ щытащ, мы гъэми федеральнэ центрым сом мелуан 200-м нэблагъэ ахьшI Къэбэрдей-Балъкъэрым хухихащ. Дэ щэнхабзэ Iуэхущапlэхэр, зыгъэпсэхупlэхэр къэдгъэщIэрэщIэжьынущ, ди лъахэм щыпсэухэмэ кьэщIакIэпIэ кьытхуэкIуэхэмэ гупсэхугъуэ кьаритын хуэдэ у. Мыпхуэдэ мах уэщхуэмкIэ иджыри зэ псоми сынывохьуэхьу, ди хьэщIэхэм тIэкIу я жагъуэ сщIынкIэ сыгуэавэми, жызоIэ - Налшык Урысейм и кьалэ нэхь дахэ дыдэхэм ящыщ зыщ.

Апхуэдэ пэублэ псалъэ гуапэхэм яужькIэ, утыкум кьихьащ республикэм и сабий кьэфакIуэ гупхэр. АдэкIэ чэзуэр яльысащ фестивалым хэт кьэфакIуэхэм икIи япэу сценэм кьихьар «Ставрополье» къэзакъ къэрал ансамблырщ. Абы хэтщ цыху 74-рэ, уэрэджыкIакIуэ гупи, оркестри яIэщ. Ансамблым и художественнэ унафэщIыр УФ-м гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Громаков Иванщ. Фигу кьэдгъэкIыжынщи, мы гупым нэгъабэ Налшык концертышхуэ щатауэ щыташ икIи ди лъахэгъуэхэм кьащыхуну хунэсакIэщ.

Абы и ужькIэ Урысей Федерацэм Щэнхабзэмкlэ и Зэзыгъэуly советым и Х зэхуэсым и лIыкIуэхэм кьабгъэдэкI фIэхьус псалъэкIэ фестивалым хэтхэм захуигъэзащ **Каргин Анатолэ**.

- «Къафэхэр - Iуащхьэмахуэ и щыгум» зыфIаща Дунейпсо Iуэрыуатэ фестивалыр япэ дыдэу 1994 гъэм Налшык щедгъэкIуэкIат, икIи мы гъэм абы юбилей цIыкIу игъэлъэпIэн, 15-нэ зэхьыхь ищIын хуеят, - жиIащ абы. - Ауэ щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэдым кьыхэхьу ар кьэIэтыжьынырэ жэрдэм зыщIа, дэри Iуэхум дыхэзышIа, гу зылыдтапхъэ кьамыгъанэу кьызззыгъэпэща КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм. УзыщыгуфlыкIынщ фестивалыр щекIуэкI мазухэжмрэ Урысей Федерацэм Щэнхабзэмкlэ и Зэзыгъэуly советым и зи чэзу зэхуэсыр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщыIакIэжьынырэ я гукъыдэжри. Сыщогугъ фестивалым и гъуэгу кIыхь хьуну, пIалъэ пыухыкIам тету дяпэкIи дызэхьыхьэну. Апхуэдэу сыхуейщ мы щIыналъэ дахэм щIыхуэр зэзышалIэ гуфIэгъуэ куэд къихьэну.

IэгуаеуэщхуэкIэ утыкум кьрашащ Индием кьикIа «Малыва Сабхичарак клуб» щэнхабзэ центрым и кьэфакIуэхэр. Уэрэдри кьафэрри зэщIэту абыхэм щрашажьэм, ди цIыхуэхэм хуабжьу яфIэфI индие кинофильмхэм щыщ теплъэгъуэ кьыхэхьута кьащыхьуат. Мы ансамблым ильэс 15 и ныбжьыщ, кьыззрыунэху льандэри зыхуэлажьэр я лъэпкъ щэнхабзэр дуней псом къыщегъэщIыкурыщ. Гупым и унафэщI Сингх Гурдаршан я пашэу абыхэм зыкIыщагъэлъэгъуащ Сингапурми, Малайзиеми, Литвами, Индонезиеми, Таиландми, Шри-Ланкеми, мы зэ-мытIэу Урысейми щыIащ. КьыхэгъэщIыпхъэщ, мы гупым дуней псом щыщIэрыуэ индие бзыльхугъэ кьэфакIуэ зэрахэмытыр.

Индусхэм я зыкъэгъэльагъуэныгъэм иужькIэ псалъэ ираташ Щыхуб творествэмкlэ дунейпсо фестивалэр кьызэригъэпэщу ЮНЕСКО-м хэт советым (СИОФ) и Iуэхуэхьэ, УФ-м щэнхабзэмкlэ щыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Гурьянов Юрий**.

- Фи щIыхьэщхьэ фIыуэ! Си кьэпсэльэныгъэм кIыхь зезгъэщIынукьым: кьалэн кьысщащIар мыинми, егъэлеяуэ гуапэщ, - жиIащ Гурьяновым. - «Къафэхэр - Iуащхьэмахуэ и щыгум» фестивалым дунейпсо мыхьэнэ зэрыгъуэтамкIэ, сызилыкIуэ зэгухьэныгъэм кьигъэув пщалъэхэм зэризагъэмкIэ щыхьэт тхылъыр (сертификатыр) КъБР-м щэнхабзэмкlэ и министр, щIыхь гуапэ икIи лэжьакIуэ хьэлэмэт, фестивалым и лъабжьэр зыгъэтIылъауэ щыта Фырэ Руслан естыну хуит сыфщI. Сэ сызэреплъымкIэ, ар советым хэтхэмэи кьыздэбгъ, щэнхабзэ фестивалэхэм хэт цIыкуэхэр лъэпкъыбэ дипломатием и дунейпсо лIыкIуэщ, аэращ мамырыгъэмрэ дахагъэмрэ зи лъабжьэ зэпыщIэныгъэфIхэр цIыхуэхэм яку дэзыплъхьэр.

Лъэпкъ кьэфэкIэу утыку кьрахьэхэм ахэр кьыздикIа щIыпIэм укьыщIух у та кьыпщагъэхьурт, дэ-тхэнэмэи и лъахэм и дахагъэр кьэзыIуатэ уэрэд жиIэрти. «Фолк Кампидано» гупым и кьэфэкIэр итальянхэм яхуумыгъэфэщэну хуэмт, зэпIэззэрытт, зы мардэмрэ ритмымрэ иту хьурейуэ утыкум кьеIукIырт. Ауэ ислапхэм («Эстампас Бургалесас») я пхъэщIыч цIыкIуэхэр (кастаньетэхэр) яГъаджэу, накьырэ епщэу, гитарэ еуэу кьэфэкIэ псынщIэкIэ утыку кьыщихьэм кьызэхуэсасэр заншIэу дахьэхащ икIи ахэр Iэгуаеуэщхуэкlэ артистхэм япэджэжащ. Африкэм щыщ кьэфакIуэхэмрэ бэрэбэнауэхэмрэ, Ираным кьикIа «Зартонк» ермэлы кьэфакIуэ гупым кьагъэлъэгъуэ теплъэгъуэхэри абыхэм ягу зэрырихьам и щIыхьэтт дакьикъэ зыбжанэкIэ мыувыIэжу Iэгу эзрахуеуар.

Кавказым и теплъэхэр, ди цIыхуэхэм я зыныкIэ уардэмрэ кьэфэкIэ дахэмрэ ягъэльэгъуащ «Кабардинка», «Балкария» кьэрал ансамблхэм я кьэфакIуэхэм. Льэпкъ зэгурыIуэм и щапхъэ ягъэ льагъуэу, кьафэм и бзэр хэтки зэрыгурыIуэгъуэм щыхьэт техьуэу, юнцер тыр зэхуаущыжащ фестивалым хэтахэм я уджкIэ.

ФЕСТИВАЛЫМ кьыпащIэу дыгъуасэ Налшык щекIуэкIа Iуэхугъэущхуэ зэр кьызэрыпIуэтэн псальэ гъуэтыгъуейщ. Хамэ кьэралхэм кьикIа артистхэм махуэм и япэ Iыхьэм зыкьыщагъэльэгъэгъуащ КъБКъУ-м, КъБКъМА-м, Гъуаз джэхэмкIэ Кавказ Ищхьэрэ кьэрал институтым дизайнымкIэ и колледжым, нэгъуэщI Iуэхущапlэхэм я утыкухэм. Щэджагъуэ нэужьым ахэр яхьхьащ Къэбэрдей-Урысейм зэрыгухьэрэ ильэс 400 зэрырику м и цIэр зезыхьэ утым кьыщыззэхуэса кьалэдэсхэмрэ хьэщIэхэмрэ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Лъэпкъ фащэхэм я еплъыныгъэ йокIуэкI.

Сурэтхэр КЪАРЕЙ Элинэ трихащ.

АВДЕЕВ Александр:

Къэбэрдей-Балъкъэрым гулъытэ хэха егъуэт

Щынальэ псоми я унафэщIхэр кьрихьэлIэу Щэнхабзэмкlэ зэзэгъэуу советым Налшык кьыщызэригъэпэща зэIущIэм хэтын папщIэ республикэм кьэкIуащ Урысей Федерацэм щэнхабзэмкlэ и министр Авдеев Александр.

КъБР-м и ПРЕЗИДЕНТ Кьанокьуэ Арсен щыхуэзам абы зэрыжиIамкlэ, дунейпсо кризисым щхьэкIэ кьэмынэу, бюджетым кьыхэкIыу щэнхабзэм зегъэужьынымкьыхуитIыпщ ахьшэм кlэрагъэхуркьым. «Дызыхуэжьу ильэсми дэ ди бюджетыр мыгъэрейм хуэдизу щытынущ, - кьыхихтэщхьэ у кIащ хьэщIэм икIи кьыщIигъужащ: «ЗэрыгурыIуэгъэщи, Къэбэрдей-Балъкъэрыр икьукIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ щынальэщ икIи абы гулъытэ хэха игъуэтынущ».

- Дэ сытым дежи зыхыдощI къэралыр нэ лейкIэ кьыззрыдэплъыр, - жиIащ Кьанокьуэ Арсен. - Музыкэ театрыр, Курорт залыр, КъБР-м и Льэпкъ музейр зэгъэпэщыжьынымы гъэм федеральнэ бюджетым кьыхэкIыу сом мелуан 200-м щIигъу кьыхуаутIыпщащ. Япэрей Iуэхущапlитlыр дызыхуэкIуэ ильэсым кьриубыдэу зыхуей хуагъэззэнущ, ауэ Льэпкъ музейр зэгъэпэщыжьынымэ зэман нэхьыбэ ихьынущ. Ари 2011 гъэм зэфIыхьэну дыщогугъ. Абы ирихьэлIэу Театрхэм я унэшхуэри хьэзыр зэрытщIынымы дыхущIэкъунущ.

ТОЛАСОВЭ Екатеринэ.

ЗэгурыIуэныгъэ щэхур зэхагъэкI

Японием къэрал щIыб Iуэхухэмкlэ и министр Окадэ Кацуя и псальэхэр и тегъэщапIэу, «Кyodo» хьыбарегъащIэ агентствэм кьыгъэритамкlэ, я МИД-м кьуэдэ зэхигъэкIыни щIидзащ а щIыналъэмрэ США-мрэ зэращыщIадзэ щыта, «зэгурыIуэныгъэ щэхуакIэ» зэдзэ Iуэхур.

Абы ипкъ иткIэ, Америкэм и Штат Зэгуэтхэр хуитщ Японием и щIыналъэ ядернэ Iэщэ зэпришу нэгъэущI щIыпIэхэм нигъэсыну.

- Игъуэ хьуащ а Iуэхур зыIутыр наIуэ тщIыну. А зэгурыIуэныгъэм Iэ зэрытрадзэрэ илъэс 50-м нэс дэкIа пэтми, ар нобэми мэлажьэ. Апхуэдэу щыщыткIэ, ди цIыхуэхэм пэжыр ящIэн хуейщ, - жиIащ Окадэ, журналистхэм щепсальэм.

Эксперт 15 зыхэт гупым щэкIуэгъуэ мазэ хьуху набдзэгубдзапIэу яджьнущ щыхьэт тхылъ минш 3,7-м щIигъу. Абы кьрикIуахэр Японием и парламентым иужькIэ щагъэлъэгъуэжьынущ. Ахэр дэлэжьэнущ я кьэралым и архивми, Японием и посольствэу США-м щыIэм щахъумэ дэфтэрхэми.

ЦIыхуэхэм нэхь яфIэгъэщIэгъуэныр 1960 гъэм Iэ зытрадза льэныкъуитI зэгурыIуэныгъэращ. Абы ипкъ иткIэ, ядернэ Iэщэ зэрылъ США-м и кхъухьэхэр хуит хьуащ Японием и щIыналъэм зэпрыкIыну икIи кьыщцывыIэну. Ауэ ядернэ Iэщэ я кьэралым щихьумэну Америкэм и Штат Зэгуэтхэр хуит ящIыркъым Японием апхуэдэ Iэщэр щыIэн хуэмейуэ кьаштауэ щыта унафэхэм.

ЕтIуанэ завод къызэIуах

Ираным атом кьарумкIэ дунейпсо агентствэм (МАГАТЭ) хьыбар иригъэщIащ ураным щелэжь етIуанэ завод зэриIэм теухуауэ. А тхыгъэм къыщыгъэлъэгъуакъым ар зэдзыщIэщIыпIэри, абы ураным зэрыщелэжь щIыкIэри.

Кьэралым и вице-президент, атом кьарумкIэ Ираным и Iуэхущапlэм и унафэщI Салехи Али Акбар зэрыжиIамкlэ, зэпкърадгъхьауэ я гъэлъажьэ центрифугэ лIэужьыгъуэщIэхэр. Ар каскади 10-у зэхэтщ.

США-ми Европэм и кьэралхэми Ираныр ягъэкъуаншэ, мамыр Iуэхухэмкlэ щIиуфэрэ, ядернэ Iэщэ ищIу жаIэри.

Ираным и ядернэ Iуэхухэмкlэ щызэпсэлъэн папщIэ, абы и лIыкIуэхэрэ хамэ кьэралхэм я лIыкIуэхэмрэ зэпэуэгъуэм и 1-м Женевэ щызэIущIэнущ.

Iиблис яхэтыжкъым

Венесуэлэм и президент Чавес Угэ ООН-м и Ассамблее Нэхьыщхьэм и 64-нэ сессием кьыщыщысалъэм зэрыжиIамкlэ, апхуэдизкъэралыр щылажьэ пэщым «гъэхьэбащхьэм и мэр кьыщIихьыжьынущ».

ИтIысащи и пэкIэ, а пэщ дыдэм щIэту, япэкIэ псэльапIэм Джордж Буш-нэхьыщIэр зэрытетар кьигъэсэбэпри, Чавес жиIат, тхьыбзащхьуэмэр абы щIэз хьуауэ - апхуэдэ щыкIэкIэ США-м и президентыр Iиблис хуигъадзу псэльауэ арат.

- Нобэ кьысщIихьэр тхьыбзащхьуэм и мэкъым, щыIэр гугъэм и мэ IэфIращ, - жиIащ Чавес Угэ, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я президентыр зэрахьужам щытепсэлъыхьым.

ИтIанэми, абы Обамэ Барак игъэкъуэншащ Кубэм хэуэнэгIа эмбаргэр иджыри кьэс зэрыГуимыхьжамкIэ, Гондурасым кьаркIэ властыр зэрыщахъужьынур ищIэ пэтми, зыри зэримылэжьамкIэ, Колумбием и базэу 7-м США-м и зауэлIхэр щиIыгьыну зэримурадымкIэ.

- Обамэ цIыху губзыгъщ, абы хуэзэфIэкIынущ латин Америкэмрэ США-мрэ я зэхуэщытыкIэхэр иригъэфIэкIуну, - жиIащ Чавес Угэ.

Мы махуэхэм

ФокIадэм и 26, щэбэт

⊙Бзэхэм я махуэр Европэм щагъэлъапIэ.
⊙ФокIадэм и 26-29-хэм Ванкувер (Канадэ) щызэхэтынущ «Мамырыгъэм и саммит: Нобель и саугъэтыр зыхуагъэфащэхэр зопсалъэ» зыфIаща зэхьыхь.
⊙ Баку (Азербайджан) щекIуэкIынущ «Евровидение-2009» зи фIэщыгъэцIэ, къэфакIуэхэм я зэхьэзэхэх.
⊙ИтIьэси 160-рэ ирокъу урыс еджагъэшхэр, Нобель и саугъэтым и лауреат **Павлов Иван** къызэралъхурэ. 1936 гъэм дунейм ехыжащ.
⊙Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 6-рэ дакьикъэ 56-м, къуэхьжынущ сыхьэт 19-м.
⊙Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 12-рэ дакьикъи 4-рэ.

ФокIадэм и 27, тхьэмахуэ

⊙Туризмэм и дунейпсо махуэщ
⊙Дэгуэхэм икIи бзагуэхэм я дунейпсо махуэщ
⊙Гум и дунейпсо махуэщ
⊙Къэзан кьыщызэIуахынущ «Дыщэ минбар» зыфIаща, мусылымэн кином и V дунейпсо фестивалъ.
⊙1960 гъэм Останкинэ чэщанэр ухуэн щIадзащ.
⊙Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 6-рэ дакьикъ 57-м, къуэхьжынущ сыхьэт 18-рэ дакьикъ 58-м.
⊙Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 12-рэ зы дакьикъэр.

ФокIадэм и 28, блыщхьэ

⊙Атом промышленностым и лэжьакIуэм и махуэщ
⊙1939 гъэм Москва Iэ щыщIадзащ Германиемрэ СССР-мрэ зэныбжьэгъуэгъэмрэ гъунапкъэхэмрэ ятеухуа я зэгурыIуэныгъэм.
⊙1864 гъэм Лондон (Инджылыз) кьыщызэрагъэпэщащ IэжьакIуэхэм я Дунейпсо Зэныбжьэгъугъэр (Интернационал).
⊙ФокIадэм и 28-30-хэм Женевэ щызэхэтынущ Дунейпсо сату Iуэхущапlэм (ВТО) и форум зэIуха.
⊙ФокIадэм и 28-30-хэм Берлин (Германие) щекIуэкIынущ нанотехнологиемкIэ илъэкъыс екIуэкI 5-нэ Европэпсо конференцыр.
⊙Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 6-рэ дакьикъэ 58-м, къуэхьжынущ сыхьэт 18-рэ дакьикъэ 56-м.
⊙Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 11-рэ дакьикъэ 58-рэ.

ПIалъэр зыгъэхьэзырыр **ГЪУЩIО Зарифи.**

Льэпкъ Iуащыгъэ:

Уи псалъэр гъэмащIэ, уи фIыщIагъэ гъэкуэд.

● Футбол

Фыдогъэблагъэ

Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэ

ПощIрэ ещанэ джэгуГъуэ «Спартак-Налшык» - «Ростов» *(Дон Iус Ростов)*

Налшык. «Спартак» стадион.
ФокIадэм и 27-м. Сыхьэт 14-м.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Лъэпкъ-щэнхабзэ лэгъупыкъу

Испание

Кот-д'Ивуар

Къалмыкъ Тамерлан

Ставрополь къэзакъэр

Армение

(КIэухыр.

ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Лъэпкъ фащэм и махуэшхуэр ягъэ лъапIэу, дэтхэнэми и лъэпкъ щыгъыныгъуэхэр ягъэлъагъуэу зэхэт Лениным и цIэр зезыхьэ проспектым къриКIуащ, кьафэу, джэпуу, фэеплъ сурэтхэр зытрагъэхьу. Абхъазым и утым кьыщыбсым, абыхэм яIуцIащ ресПубликэм и район псоми кьикIа лыкIуэхэр. Утыр хуэдэт зыIэзыбжьэу кьэхута кьуажэ цIыкIум, пщыIэхэм, унэхэм, пщIантIэ къэхухьыкIэхэм «кьыпхуIуатэр» ар зей лъэпкым и щэнхабзэм теухуа куэд. ПщIантIэхэм ерыскьышхуэ кьыщаIэта; дэнэкIи джэ у щащIырт, цIыхуэ эм я нэгу сыткIи зрагъэжьыкырт. ЖыIенэуракъэ, жьыри щIэри зи лъэ ваКъэ изыльхьэр кьыхуэсат. Мыбы щыпльагъунут жьы дыдэ хъуаэри, зи нэ цIыкIуэр кьэмыпщIа сабий быдзафэхэри, а ныбжьитIым я зэхуаку кьриубыдэ псори. Апхуэдэщ ди республикэм щыпсэу цIыхуэхэр - гуфIэгъуэ IуэхуМ дэрэжэгъуэкIэ поджэж. Ди лъахэгъуэр зыхуэмыIэкIуэльакIуэ зэрящыщымыIэри абдеж нэрыльагъу кьыщащIат. Пхъэм, мывэм, гъущIым, къупщхьэм, нэгъуэщI пкъыгъуэхэм кьыхэщыкIа хьэпшып дахащхэр щагъэльагъуэрт «Iэпщ Iэльапщ Iэхэм я хьэблэмэ». Чэщым кIыгъэ зытелъ фальэхэм уэзэхуэпса кьаХэкIми кIэрыгурыуэгъуэщи, кьэпщытакIуэхэр хуIуэкIуэщи зыжьи и жагъуэ зэрамыщIыным.

Псом нэхьрэ нэхь телъыджэр щекIуэжIащ «Кьафэхэр - Iу ащхьэмахуэ и цыгум» II Дунейпсо Iуэрыйуатэ фестивалым кьыпысыщ концертыр. Утык ур кьыззIуихащ «Хьэт» кьэфакIуэ гупым. Адэкъ чэзууэ абы кьихьащ Индием, Испанием, Италием, Африкэм, Ираным кьикIа кьэфакIуэхэр. Абыхэм ягъэльэгъуащ я репертуарым щыщ теплъэгъуэ зэхуэмыдэ зыбжанэ. Фестивалым хэтхэм зыкъагъэльэгъуа нэужь, утыкур хуит хуащIащ республикэм и щIыпIэ кьэфакIуэ гупхэмрэ районхэм кьикIа самодеятельнэ ансамблхэмрэ.

Лъэпкъ фащэм и махуэшхуэм ипкъ иткIэ, фестивалым и кьызэгъэпэщакIуэхэм кьэпщытакIуэ гуп хахри абдежым щагъэлэжьащ, зыщыщ лъэпкым и фащэ нэхъ дахэ, зэкIуж зыгъэльагъуэ цIыхуэ щхьэхуэ (артистхэм ящымыщу) кьыхахьи мурадкIэ. Абы кьрикIуахэр пшыхьым и кIуэхым наIуэ кьащIащ, икIи, зэрыгурыуэгъуэщи, кьэпщытакIуэхэр хуIуэкъуэщи зыжьи и жагъуэ зэрамыщIыным.

Псом нэхьрэ нэхь телъыджэр щекIуэжIащ «Кьафэхэр - Iу ащхьэмахуэ и цыгум» II Дунейпсо Iуэрыйуатэ фестивалым кьыпысыщ концертыр. Утык ур кьыззIуихащ «Хьэт» кьэфакIуэ гупым. Адэкъ чэзууэ абы кьихьащ Индием, Испанием, Италием, Африкэм, Ираным кьикIа кьэфакIуэхэр. Абыхэм ягъэльэгъуащ я репертуарым щыщ теплъэгъуэ зэхуэмыдэ зыбжанэ. Фестивалым хэтхэм зыкъагъэльэгъуа нэужь, утыкур хуит хуащIащ республикэм и щIыпIэ кьэфакIуэ гупхэмрэ районхэм кьикIа самодеятельнэ ансамблхэмрэ.

Лъэпкъ фащэм и махуэшхуэм ипкъ иткIэ, фестивалым и кьызэгъэпэщакIуэхэм кьэпщытакIуэ гуп хахри абдежым щагъэлэжьащ, зыщыщ лъэпкым и фащэ нэхъ дахэ, зэкIуж зыгъэльагъуэ цIыхуэ щхьэхуэ (артистхэм ящымыщу) кьыхахьи мурадкIэ. Абы кьрикIуахэр пшыхьым и кIуэхуэ.

НЫБЖЬ Таисэ.

P.S. *Фиту кьыдогъэкIыж «Кьафэхэр - Iуащхьэмахуэ и цыгум» II Дунейпсо Iуэрыйуатэ фестивалыр зэрызэхуащIыж гала-концертыр ноБэ сыхьэт 18-м щIидзэу Налшык и Театр ЩхьуантIэм зэрыщекIуэкIынур. Ар зыльагъуну гукъыдэж зиIэ псори фрагъэблагъэ!*

Удж хъурей псоми ягъэзащIэ


Тэрч къэзакъэр

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ*

ФокIадэм и 23-м Мейкъуапэ щыIэзэхащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и VIII конгрессым и Къыдэгъэпэщакъуэ гупым хэтхэм я зэIущIэ. Ар иригъэкIуэкIащ Адыгэ Республикэм и премьер-министр КъумпIыл Мурат.

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 2-4-хэм ДАХ-м и VIII зэхуэсышхуэу Мейкъуапэ щекIуэкIынур кьыззрыззрагъэпэщынур, кьрагъэблэгъэнуэхэр, кьыщIэтыну Iуэхугъуэхэр яубзыхуащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Iэмыхь Къасболэт**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Хьэфыщэ Мухьэмэд** (Налшык), УФ-м и Президентым и Администрацэм къэрал кьэуцI политикэмкIэ и Управленэм и чэнджэщ Адыгэу **Карчаа Ренат** (Москва), Шэрджэс Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Шэрджэс Мухьэмэд**, Шапсыгъ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **КIэкIыхъу Мэжид** (Псэузэапсэ). Абхъаз Республикэм щыIэ Адыгэ Хасэм и Iэтащхьэ **Бещто Аслъэн** (Сыхьум), АР-м и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Хьэпай Iрамбий**, ДАХ-м и Гъэззащ Iакъуэ комитетым хэт **Мэшхуэфы Нэждэт** (Мейкъуапэ) сымэ. Апхуэдэуи зэIущIэм кьрихьэлIащ Адыгэ Республикэм и Президентым и дэIепыкъуэгъу **Бажэ Людмилэ,** АР-м и Президентымрэ Министрэм я Кабинетымрэ я Администрацэм и Мафэщым и кьуэдзэ **Мэшлiокъуэ Хьэмид,** АР-м Iыхьэ IуэхугъэмкIэ, хамэ кьэралхэм щыпсэу ди лъэпкъхэр IуэхугъэмкIэ, хъыбарегъащIэ IэнатlэхэмкIэ и кьэрал комитетым и унафэщI **ЖьакIэмыкъуэ Вячеслав** сымэ, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэр кьызэIуихри, КIумпIыл Мурат хьэщIэхэр щигъэгъуэзащ республикэм и Iуэху зыIутым, зыужьныгъэр зэрыщекIуэкIым. Кризисым емыльытауэ, яубзыхуа программэм тету зэрылажьэр, цIыхуэхэм я псэукIэр егъэфIакIуэным папщIэ IуэхугъуэщIэхэр кьызэрыхалъхьэр жиIащ премьер-министрым.

- Ди лъэпкъэгъуэу дунейм тетым я дежкIэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм мыхьэнэшхуэ зэриIэм шэч хэлъкъым, - пищащ адэкIэ КъумпIыл Мурат. - А зэгуэхьэныгъэрщ нэхъыбэу зытегъэщIар дунейм щикъуэха адыгэхэм я зэпыщIэныгъэр гъэбыдэныр, зыр адрейм и Iуэху зэрыдэкIым кIэлъыплъныр, адыгэ псори зэкъуэту кьэгъуэгурыкIуэныр. Нобэ дыщыызэхуэсар дэтхэнэми ди Iуэху еплъыкIэр, акъылыр зэхэтлъхьэу ДАХ-м и VIII Конгрессыр зыхуэ ехуэзэу кьызэрызэдгъэпэщыным хуэдизэтIыныр.

Дзэмыхь Къасболэт фIыщIэ хуищIащ бысымэхэм икIи зэхуэсышхуэр кьызэрызэпщыныр премьер-министрым и пащэ зэрыдилъхьам, АР-м и Правительствэм и нэгъэ щIэту зэрекIуэкIынум Iуэхум и пщIэр, мыхьэнэр нэхьыбэ зэрищIыр кьыхигъэщащ.

- Нэхъапэм екIуэкIа конгрессхэм я жьапхъэр кьыдогъэсэбэпу, Iуэху нэхъыщхьэу кьыщыкIтIэтхэр хэдгъэхьэу, нобэ дызыгъэпIейтейхэр щыдгъуэу ар зэрекIуэкIынум и щапхъэр дубзыхуIупхьэу кьызэлъытэ, - жиIащ Дзэмыхьым. - Дэ дгъэбелджылащ зэIущIэм хэтынухэм я цIэхэр, абы кьедгъэблэгъэнуэр, Дэтхэнэми и чэзум хьыбар едгъэщIащ.

Конгрессым и япэ Iыхьэр зэрызэхэтьынур кьэпльытэмэ, фIэхъус псалъэкIэ кьызэхуэсахэм зыхуагъэзэну сыхуейт ди республикэхэм я Iэтащхьэ хэм, апхуэдэу абы кьыщыпсэлъэн хуейщ адыгэ лъэпкым деж пщIэшхуэ щызыIэ, адыгэм и гъащIэм зегъэужьыным хэлIыфIыхьа ди цIыху щэджащэкIэ. ЕтIуанэ Iыхьэм кьэпсэльапIэм хуит хэтщIынщ Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэм теухуауэ зызыгъэхьэзыра ди къуэщхэм. Лъжьыгъэм и кIэухым журналистэм папщIэ пресс-конференц едгъэкIуэкIынур нэхъ сфIэкъабылщ, зи гугъу тщIахэмрэ къэтщта унафэхэмрэ щыдгъэгъуазэу.

Къасболэт и псалъэхэм къыпищэу, конгрессым зэрызыхуагъэхьэзыным тепсэльыхьащ Хьэпай Iрамбий. Абы жиIаци щыпIэ зэхуэмыдэхэм кьикIыну лыкIуэхэр щыхьэхуэхэм щыпIэхэр. ЗэIущIэм кьыщIэтын хуейуэ кьильытэ Iуэхуэхэри кьиргъэльэгъуащ Iрамбий.

Зэхуэсышхуэр Адыгэ Республикэм и махуэр щагъэлэжьащ конгрессым ельэIа тхылъхэр зыхуэдэр, аэр гъэхъэзырыныр и кIэм зэрыиэблэгъар.

Карчаа Ренат кьыхигъэщащ Адыгэ Республикэм и махуэр щагъэлэжьащ конгрессым ельэIа тхылъхэр зыхуэдэр, аэр гъэхъэзырыныр и кIэм зэрыиэблэгъар.

Адэкъ КъАК-м и тхьэмадэ Хьэфыщэ Мухьэмэд конгрессым Iуэхугъуэ нэхъыбэ кьызэщIиубыдэу, нэхъ кьущIафIэу, Iэтауэ екIуэкIын папщIэ абыебгъэщIылIэ хъуну кьильытэ Iуэхугъуэ зыбжанэм кьытеувыIащ.

- Iуэхур нэхъ Iэта, купщIафIэ хуит мы махуэхэм щыпIэ телевиденэкэмкIэ (Налшык, Черкесск, Мейкъуапэ) «Тыркум щыпсэу адыгэхэр», «Шэрджэс хэку», «Адыгэ хабзэ» фильмхэр кьэвгъэльэгъуамэ. Илъэс 18 пьандэрэ ДАХ-р зауж ит Iуэхуэхэр ящIэн папщIэ кьэбгъэльэгъуэжьну хьарзынэт блэкIа конгрессхэм щытраха видеоматериалхэри.

КьищынэмыщIауэ, Мейкъуапэ дэт Лъэпкъ музейм адыгэхэм я тхьдэм, щэнхабзэм теухуа гъэтьэгъуэныгъэ кьыщыззэгъэпэщыныр и чэзуэу собж. Хамэ кьэрал кьикIыну ди кьуэшхэм я гуапэ хьунт я анэдэлъхубзкIэ зы спектакль еплъынуи.

ХьэфIыцIэм зэхуэсым хэтхэм хьыбар яригъэщIащ: илъэсищ пьандэрэ ДАХ-м и ООО-м и унафэщI ЛампIэжь Анатолэ сымэ, нэгъэщIхэри.

Дунейпсо Артийскэ комитетымрэ Творчествэмкlэ дунейпсо академиемрэ я тыгъэ лъапIэр зыхуагъэфэщахэм яхэщ апхуэдэу Iуэхуфэ япэу утыку кьрагъэщэхэри. ЗэIущIэм я щIэ кьыщIаIуащ икIи щагъэльэпIащ зи Iэщагъэм хуэIижь, зыпэрыт Iэнатlэр езыгъэфIакIуэ Iэщlагъэ лIхэу УФ-м цIыхубэ егъэджэныгъэмкIэ и отличникхэу Налшык дэт курыт школ №23-м и унафэщI Джэрыджэ Суфярэ Экономико-правовой лицейм и унафэщI Шауэжь Мухьэмэдинрэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр, «Кьыу» санаторэм и пашэ Сэкрэк Наталье, Налшык, Бахьсэн дзет прогиманазиехэу №№34-м, 4-м я унафэщIэхэу УФ-м и щIыхьэ егъэджакIуэ Иуан Галинэрэ УФ-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Джэрыджэ Аидэрэ, нэгъэщIэхэри.

Жылагъуэ зэгуэхэныгъэм иригъэкIуэкI зэпеуэм щытекIуауэ кьальытахэм гуапэу екIуэхуэхуащ КъБР-м хьыбарегъащIэ Iэнатlэх эмкIэ, жылагъуэ зэгуэныгъэ Iуэхуфэ япэу утыку кьрагъуэлъэм я Iуэхуэхэмкlэ и министр Пащты Борис. Тыгъэ лъапIэр зрат ахэми Iуэхум и кьызэрыгъэпэщакIуэхэм фIыщIэ псалъэкIэ зыхуагъэзэжащ.

Гуфlэгъуэр ягъэдэхащ, яIэт ещ республикэ гъуэдэжьм и лэжьакIуэхэм. Махуэщхэу концертым хэтащ артист цIэрыIуэхэу Дым Елдар, Зеущэ Iуес, Даур Иринэ, нэгъуэщIхэри.

КЪАРДЭН Маритэ.

Илъэсым и цIыху пажэхэр

● Зэпеуэхэр

Хабзэ зэрыхъуащи, Дунейпсо Артийскэ комитетымрэ Творчествэмкlэ дунейпсо академиемрэ, КъБР-м ХьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ, жылагъуэ зэгуэныгъэхэм ядэлажьэныгъэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ и министерствэм дIыдгъэIурэ, ди щIыналъэм гъэ къэс щрагъэкIуэкI «Илъэсым и цIыху» зэпеуэр. Бжьыхьэ къэси абы щекIуэхэр Iэнатlэу ягъэлъапIэ. Апхуэдэ гуфlэгъуэ щхьэусыгъуэкIэ республикэм и Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм иджыблагъэ цIыху куэд щызэхуэсащ. Абы я щIэхэр кьыщрагъуащ икIи щагъэщ «Илъэсым и цIыху-2009» мыгъэрей зэпеуэм щытекIуахэр.

ЩЭНХАБЗЭМ и лэжьакIуэ Мэз Джульеттэ гуфlэгъуэр кьызэIуихуа нэужь, япэу псалъэ иритащ Дунейпсо Артком и тепсэльыр щыщ, Iэнатlэхэм я Iэщlагъэм и Къэрал комитетым и вице-унафэщI Щхьэрдей-Балькъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Дагъыстан, Ингушэ республикэхэм щэнхабзэмкIэ щыхьэ зиIэ я лэжьакIуэ Бейтыгъуэн Iэуес. Кьызэхуэсахэм махуэшхуэмкIэ екъуэхуэри ящIэ жиIащ зэпеуэр кьызэрырахьэжьэрэ мы гъэм ильэситху зэрырикъуар.

- А зэманым кьриубыдэу ди зэгуэхьэныгъэм жьылагъуэм я пщIэр кьыщIэтащ зи кьаруи зэфIэкIи емыблэжу я щыналъэхэм я экономикэ, социальнэ зыужьныгъэхэм гуащIэшхуэ хэзылъхьэ цIыхуищэхэм. Ахэр щапхъэ яхуохъу кьадэ лажьэх эм, кьэзэщIыкуэхэм, кьыщIэхъуэ щIэблэмэ я гъуэгурыIуэльагъэщ, - кьыхичъэщащ Бейтыгъуэным. - Фlыщlэ инрэ пщIэ льагъэ яхуэфащэ апхуэдэ хэкупсэхэм. Абыхэм я гуащIэдэкI хьэлэлым ифl псоми кьыдэкIыну сыныВохьу зкъу.

Гуфlэгъ уэ зэхьхьэм Бейтыгъу эным эн цIэ кьрIиу эу зи пашэ жьылагъэ зэгуэхьэныгъэм и фэеплъ кубокыр зритажэм ящыщщ УФ-м и цIыхубэ сурэтыщI, Худжокествэхэмкlэ Урысей Академием хэт, профессор Пащты Герман, УФ-м, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, РАЕН-м и академик, профессор Абшаев Мухьэмэд, КъБР-м и промышленникхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я зэгуэхьэныгъэм и унафэщIым и нэужь Гурбощыкl Жантемир, КъБР-м и къэрал бдзэжьей заводым и унафэщI сыжажэ Вячеслав, «Нарбек» ООО-м и тхьэмадэ Нарткоьку Станислав, «Кьэбалькъремухуэныгъэ» ООО-м и пашэ Гъуэплъащ Алексей, «Космос-Л» ООО-м и унафэщI ЛампIэжь Анатолэ сымэ, нэгъэщIхэри.

Дунейпсо Артийскэ комитетымрэ Творчествэмкlэ дунейпсо академиемрэ я тыгъэ лъапIэр зыхуагъэфэщахэм яхэщ апхуэдэ Iуэхуфэ япэу утыку кьрагъэщэхэри. ЗэIущIэм я щIэ кьыщIаIуащ икIи щагъэльэпIащ зи Iэщlагъэм хуэIижь, зыпэрыт Iэнатlэр езыгъэфIакIуэ Iэщlагъэ лIхэу УФ-м цIыхубэ егъэджэныгъэмкIэ и отличникхэу я Налшык дэт курыт школ №23-м и унафэщI Джэрыджэ Суфярэ Экономико-правовой лицейм и унафэщI Шауэжь Мухьэмэдинрэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр, «Кьыу» санаторэм и пашэ Сэкрэк Наталье, Налшык, Бахьсэн дзет прогиманазиехэу №№34-м, 4-м я унафэщIэхэу УФ-м и щIыхьэ егъэджакIуэ Иуан Галинэрэ УФ-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Джэрыджэ Аидэрэ, нэгъэщIхэри.

Жылагъуэ зэгуэхьэныгъэм иригъэкIуэкI зэпеуэм щытекIуауэ кьальытахэм гуапэу екIуэхуэхуащ КъБР-м хьыбарегъащIэ Iэнатlэх эмкIэ, жылагъуэ зэгуэныгъэ Iуэхуфэ япэу утыку кьрагъуэлъэм я Iуэхуэхэмкlэ и министр Пащты Борис. Тыгъэ лъапIэр зрат ахэми Iуэхум и кьызэрыгъэпэщакIуэхэм фIыщIэ псалъэкIэ зыхуагъэзэжащ.

Гуфlэгъуэр ягъэдэхащ, яIэт ещ республикэ гъуэдэжьм и лэжьакIуэхэм. Махуэщхэу концертым хэтащ артист цIэрыIуэхэу Дым Елдар, Зеущэ Iуес, Даур Иринэ, нэгъуэщIхэри.

● Гъуэгу къежьапIэ

Жэрдэм гъэщIэгъэнхэр

НэхъапIэхэр хьыбар зэрыщыIащи, фокIадэм и 16-м Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм щызэхэтащ парт зэмыдIэужьыгъуэхэм хэт щIалэгъуалэм я зэпсэльныгъэхэм я етIуанэ Iыхьэр. Япэр екIуэкIат мы гъэм и мэкъуаугъэгъуэм, ауэ абы хэтатэкъым КъБР-м икIаIэр. Мы мазэм Урысейм и Ищащ щIыналъэм щыщу абы щыIащ Къэбэрдей-Балькъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Ставрополь крайм щыщу зи ныбжькIэ щIалэ депутатхэр.

ПАРЛАМЕНТ партхэм я лIыкIуэу гупипIэ хьурт а зэхьхьэм кьрихьэлIаХэр, «Зыу щыт Урысей», «Захуагъэ зэдэщIэ Урысей», КПРФ, ЛДПР партхэм хэтхэу. Ахэр тепсэльыхьащ иджыпей демократиемрэ къэрал кIуэцI щынагъуэнщагъэмрэ, политикэстемэм и лэжьакIуэ хэр гъэжьэзыныным, кьэльыпльэныгъэм.

Зэпсэльныгъэм и дэтхэнэ Iыхьэмэ кьрикIуахэр кьипщытэжащ жылагъуэ, политикэ лэжьакIуэ щIэрыIуэхэр зыхэт, пщIэшхуэ зиIэ жюрим. Абы «Зыу щыт Урысей» партым кьыбгъэдэкIыу хэта, Налшык щIыпIэ самоуправленэмкIэ и кьалэ советым и депутат Иуан Асльэн зэрыжиIамкIэ, зэпсэльныгъэм Iупщу кьнгъэльэгъуащ парт зэмыдIэужьыгъуэхэм я Iуэху еплъыкIэ зэрыдэдэлжьафынури.

Депутат ныбжьыщIэхэр зэIущIэм хиубыдэу хуэзащ Урысей Федерацэм и Президентым и лIыкIуэу Къэрал Думэм щыIэ Минк Iарри, Президентым и дэIепыкIъэгъу Дворович Аркадий, Федерацэмкlэ Советым ЩIалэгъуалэ Iуэхуэмрэ туризмэмкIэ и комитетым и унафэщI Жидких Владимир сыжэ.

Зэпсэльныгъэхэр щекIуэкIым, партипIми я депутатхэм кьабгъэдэкIыу жьрдэм гъэщIэгъэн зыбжанэ кьыхалъхьащ. Псалъэм папщIэ, «Зыу щыт Урысейм» щыщхэм кьапытэ щIыхэр зыхущIэкъу, зыщIэупщIэ, къэралыр зыщыщIэ щIэныгъэ фIэкIа езымыт системэ кьызэгъэпэщын хуейуэ. Сыти жьIи, нобэ курыт еджапIэр кьэзыхуха куэд я къэкIуэнум тегушхауэ хапльэркъым, кьыхаха Iэщlагъэм зыхуэл хуэзэу зэрырипсэуфынум зэкъытрахьэри. Сыт хуэдэ IэщlагъэлIэм сыт хуэдизкIэ къэралыр хуэныкъуэми кьабжэр, щIыхухэм а хьыбарыр щIэхщIжьыурэ Iэрагъэхьэмэ, гурыIуэгъуэ хъунущ кьыхжьипхъэр зыхуэдэри, Урысейм и еджапIэ нэхъыщIхэмэ зыхущIыщIэ IэщlагъэлI бкьыгъэр ягъэхьэзырыну социальнэ заказ ират хъунущ.

ШУРДЫМ Мадинэ.

ФокIадэм и 23-м Мейкъуапэ щыIэзэхащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и VIII конгрессым и Къыдэгъэпэщакlуэ гупым хэтхэм я зэIущIэ. Ар иригъэкIуэкIащ Адыгэ Республикэм и премьер-министр КъумпIыл Мурат.

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 2-4-хэм ДАХ-м и VIII зэхуэсышхуэу Мейкъуапэ щекIуэкIынур кьызэрызэрагъэпэщынур, кьрагъэблэгъэнуэхэр, кьыщIэтыну Iуэхугъуэхэр яубзыхуащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Iэмыхь Къасболэт**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Хьэфыщэ Мухьэмэд** (Налшык), УФ-м и Президентым и Администрацэм къэрал кьэуцI политикэмкIэ и Управленэм и чэнджэщ Адыгэу **Карчаа Ренат** (Москва), Шэрджэс Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Шэрджэс Мухьэмэд**, Шапсыгъ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **КIэкIыхъу Мэжид** (Псэузэапсэ). Абхъаз Республикэм щыIэ Адыгэ Хасэм и Iэтащхьэ **Бещто Аслъэн** (Сыхьум), АР-м и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Хьэпай Iрамбий**, ДАХ-м и Гъэззащ Iакъуэ комитетым хэт **Мэшхуэфы Нэждэт** (Мейкъуапэ) сымэ. Апхуэдэуи зэIущIэм кьрихьэлIащ Адыгэ Республикэм и Президентым и дэIепыкъуэгъу **Бажэ Людмилэ,** АР-м и Президентымрэ Министрэм я Кабинетымрэ я Администрацэм и Мафэщым и кьуэдзэ **Мэшлiокъуэ Хьэмид,** АР-м Iыхьэ Iуэхугъэмкlэ, хамэ кьэралхэм щыпсэу ди лъэпкъхэр Iуэхугъэмкlэ, хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и кьэрал комитетым и унафэщI **ЖьакIэмыкъуэ Вячеслав** сымэ, нэгъэщIхэри.

ЗэIущIэр кьызэIуихри, КIумпIыл Мурат хьэщIэхэр щигъэгъуэзащ республикэм и Iуэху зыIутым, зыужьныгъэр зэрыщекIуэкIым. Кризисым емыльытауэ, яубзыхуа программэм тету зэрылажьэр, цIыхуэхэм я псэукIэр егъэфIакIуэным папщIэ IуэхугъуэщIэхэр кьызэрыхалъхьэр жиIащ премьер-министрым.

- Ди лъэпкъэгъуэу дунейм тетым я дежкIэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм мыхьэнэшхуэ зэриIэм шэч хэлъкъым, - пищащ адэкIэ КъумпIыл Мурат. - А зэгуэхьэныгъэрщ нэхъыбэу зытегъэщIар дунейм щикъуэха адыгэхэм я зэпыщIэныгъэр гъэбыдэныр, зыр адрейм и Iуэху зэрыдэкIым кIэлъыплъныр, адыгэ псори зэкъуэту кьэгъуэгурыкIуэныр. Нобэ дыщыызэхуэсар дэтхэнэми ди Iуэху еплъыкIэр, акъылыр зэхэтлъхьэу ДАХ-м и VIII Конгрессыр зыхуэ ехуэзэу кьызэрызэдгъэпэщынымрэ Iуэхум и пщIэр кьыщIэтащ бысымэхэм икIи зэхуэсышхуэр кьызэрызэпщынырэ премьер-министрым и пащэ зэрыдилъхьам, АР-м и Правительствэм и нэгъэ щIэту зэрекIуэкIынум Iуэхум и пщIэр, мыхьэнэр нэхьыбэ зэрищIыр кьыхигъэщащ.

- Нэхъапэм екIуэкIа конгрессхэм я жьапхъэр кьыдогъэсэбэпу, Iуэху нэхъыщхьэу кьыщыкIтIэтхэр хэдгъэхьэу, нобэ дызыгъэпIейтейхэр щыдгъуэу ар зэрекIуэкIынум и щапхъэр дубзыхуIупхьэу кьызэлъытэ, - жиIащ Дзэмыхьым. - Дэ дгъэбелджылащ зэIущIэм хэтынухэм я цIэхэр, абы кьедгъэблэгъэнуэр, Дэтхэнэми и чэзум хьыбар едгъэщIащ.

Конгрессым и япэ Iыхьэр зэрызэхэтьынур кьэпльытэмэ, фIэхъус псалъэкIэ кьызэхуэсахэм зыхуагъэзэну сыхуейт ди республикэхэм я Iэтащхьэ хэм, апхуэдэу абы кьыщыпсэлъэн хуейщ адыгэ лъэпкым деж пщIэшхуэ щызыIэ, адыгэм и гъащIэм зегъэужьыным хэлIыфIыхьа ди цIыху щэджащэкIэ. ЕтIуанэ Iыхьэм кьэпсэльапIэр хуит хэтщIынщ Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэм теухуауэ зызыгъэхьэзыра ди къуэщхэм. Лъжьыгъэм и кIэухым журналистэм папщIэ пресс-конференц едгъэкIуэкIынур нэхъ сфIэкъабылщ, зи гугъу тщIахэмрэ къэтщта унафэхэмрэ щыдгъэгъуазэу.

Къасболэт и псалъэхэм къыпищэу, конгрессым зэрызыхуагъэхьэзыным тепсэльыхьащ Хьэпай Iрамбий. Абы жиIаци щыпIэ зэхуэмыдэхэм кьикIыну лыкIуэхэр щыхьэхуэхэм щыпIэхэр. ЗэIущIэм кьыщIэтын хуейуэ кьильытэ Iуэхуэхэри кьиргъэльэгъуащ Iрамбий.

Зэхуэсышхуэр Адыгэ Республикэм и махуэр щагъэлэжьащ конгрессым ельэIа тхылъхэр зыхуэдэр, аэр гъэхъэзырыныр и кIэм зэрыиэблэгъар.

Карчаа Ренат кьыхигъэщащ Адыгэ Республикэм и махуэр щагъэлэжьащ конгрессым ельэIа тхылъхэр зыхуэдэр, аэр гъэхъэзырыныр и кIэм зэрыиэблэгъар.

Адэкъ КъАК-м и тхьэмадэ Хьэфыщэ Мухьэмэд конгрессым Iуэхугъуэ нэхъыбэ кьызэщIиубыдэу, нэхъ кьущIафIэу, Iэтауэ екIуэкIын папщIэ абыебгъэщIылIэ хъуну кьильытэ Iуэхугъуэ зыбжанэм кьытеувыIащ.

- Iуэхур нэхъ Iэта, купщIафIэ хуит мы махуэхэм щыпIэ телевиденэкэмкIэ (Налшык, Черкесск, Мейкъуапэ) «Тыркум щыпсэу адыгэхэр», «Шэрджэс хэку», «Адыгэ хабзэ» фильмхэр кьэвгъэльэгъуамэ. Илъэс 18 пьандэрэ ДАХ-р зауж ит Iуэхуэхэр ящIэн папщIэ кьэбгъэльэгъуэжьну хьарзынэт блэкIа конгрессхэм щытраха видеоматериалхэри.

КьищынэмыщIауэ, Мейкъуапэ дэт Лъэпкъ музейм адыгэхэм я тхьдэм, щэнхабзэм теухуа гъэтьэгъуэныгъэ кьыщыззэгъэпэщыныр и чэзуэу собж. Хамэ кьэрал кьикIыну ди кьуэшхэм я гуапэ хьунт я анэдэлъхубзкIэ зы спектакль еплъынуи.

ХьэфIыцIэм зэхуэсым хэтхэм хьыбар яригъэщIащ: илъэсищ пьандэрэ ДАХ-м и ООО-м и унафэщI ЛампIэжь Анатолэ сымэ, нэгъэщIхэри.

Дунейпсо Артийскэ комитетымрэ Творчествэмкlэ дунейпсо академиемрэ я тыгъэ лъапIэр зыхуагъэфэщахэм яхэщ апхуэдэ Iуэхуфэ япэу утыку кьрагъэщэхэри. ЗэIущIэм я щIэ кьыщIаIуащ икIи щагъэльэпIащ зи Iэщlагъэм хуэIижь, зыпэрыт Iэнатlэр езыгъэфIакIуэ Iэщlагъэ лIхэу УФ-м цIыхубэ егъэджэныгъэмкIэ и отличникхэу я Налшык дэт курыт школ №23-м и унафэщI Джэрыджэ Суфярэ Экономико-правовой лицейм и унафэщI Шауэжь Мухьэмэдинрэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр, «Кьыу» санаторэм и пашэ Сэкрэк Наталье, Налшык, Бахьсэн дзет прогиманазиехэу №№34-м, 4-м я унафэщIэхэу УФ-м и щIыхьэ егъэджакIуэ Иуан Галинэрэ УФ-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Джэрыджэ Аидэрэ, нэгъэщIхэри.

Жылагъуэ зэгуэхьэныгъэм иригъэкIуэкI зэпеуэм щытекIуауэ кьальытахэм гуапэу екIуэхуэхуащ КъБР-м хьыбарегъащIэ Iэнатlэх эмкIэ, жылагъуэ зэгуэныгъэ Iуэхуфэ япэу утыку кьрагъуэлъэм я Iуэхуэхэмкlэ и министр Пащты Борис. Тыгъэ лъапIэр зрат ахэми Iуэхум и кьызэрыгъэпэщакIуэхэм фIыщIэ псалъэкIэ зыхуагъэзэжащ.

Гуфlэгъуэр ягъэдэхащ, яIэт ещ республикэ гъуэдэжьм и лэжьакIуэхэм. Махуэщхэу концертым хэтащ артист цIэрыIуэхэу Дым Елдар, Зеущэ Iуес, Даур Иринэ, нэгъуэщIхэри.

КЪАРДЭН Маритэ.

«Илъэсым и цIыху-2009» зэпеуэм щытекIуахэм Бейтыгъуэн Iуес *(сэмэгумкIэ кьыщегъажьауэ еханэщ)* яхэту фэеплъ сурэт зытрагъэхащ.

● Лъэпкъ Iуэху

КьызэрызэпэщакIуэ гупыр мэлажьэ.

ДАХ-м и VIII конгрессыр зэрекIуэкIынур яубзыху

Къыдогъэкlыж *«Кьафэхэр - Iуащхьэмахуэ и цыгум» II Дунейпсо Iуэрыйуатэ фестивалыр зэрызэхуащIыж гала-концертыр ноБэ сыхьэт 18-м щIидзэу Налшык и Театр Щхьуантlэм зэрыщекIуэкIынур. Ар зыльагъуну гукъыдэж зиIэ псори фрагъэблагъэ!*

Адыгэ Республикэм и премьер-министр Къумпlыл Мурат ягъэдэхащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и VIII конгрессым и Къыдэгъэпэщакlуэ гупым хэтхэм я зэIущIэ. Ар иригъэкIуэкIащ Адыгэ Республикэм и премьер-министр Къумпlыл Мурат.

● Налшык машинэ заводыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 80 ирокъу

ЗыузэщIынысгъэм и IъуэгУ

«Щыхьым и Дамыгъэ» орденыр зезыхьэ Налшык машинэухуэ завод» ОАО-р республикэм и предприятэ нэхъыжь дыдэ хэм ящыщщ. Абы и лъабжьэр щагъэтIылъар 1928 гъэм мэлыжьыхьым и 7-рщ. Къэбэрдей-Балъкъэр облисполкомым и Президиумым и протоколымкIэ щIагъэбыдауэ щыташ ар 1928 - 1933 гъэхэм, ятIонэрэ пэсэитху планым ипкъ иткIэ къарагъэжьа уахуэнысгъэщIэу зэрыщытыр. Заводыр щыгум щагъавэ къудамэ зыхэт механикэ гъэщапIэт. Ар зэфIэгъэувэным хухахат сом мини 178-рэ.



Заводым и унафэщI, КъБР-м промышленностымкIэ щIыхь зиIэ и пэжьакIуэ Соблыр Руслан

ИЛЪЭС 80-м кърибыдэу предприятэм и цIэри, зи унафэ щIэт ведомствэри зыбжанэрэ яхьуэжащ. Абы кьыщIэкIыртэ ГЭС цIыкIуэхэм папщIэ турбинэхэри, гидротурбиннэ заводкIи еджэу щытащ. Щрагъэжьам щыгъуэ хьэжхуэм я плитахэр, тебловэр щащIырт, зауэ нэужьым машинэхэр щызэрагъэпэщщыжырт, жьыхуэхэр (вентиляторхэр) къыщыщIагъэкIырт. Предприятэр зэфIэгъэувэным, абы зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуащIащ Мэзкуу, Дон Іус Ростов, Сталинград кьалэхэм щыщ IэщIагъэлIхэм. Лъэпкъ куэд щылажьэ заводым кьэралым и зэхуэдитIыр гидротурбинэкIэ къызэрыгъэпэщыр. Зауэ лъэхъэнэм заводым и рабочэхэм Хэкур яхъумэащ, абыхэм я щхьэгъусэхэмрэ я бынхэмрэ станокым бгъэдэту фронтым папщIэ продукцэхэр ягъэхьэзыращ.

Предприятэм нэрылъагъуу зиужьырт. «Главнефтеснаб»-м и унафэм щIагъэува нэужь, хьыщI гъэхэм я пэщIэдзэм хэлъыдыу хьауэ щытта торцовэ уплотненэхэр къыщIинагъэкIыу хуежьащ. ЛIэщIыгъуэ блэкIам и бгъущI гъэ пщIондэ Налшык машинэ заводым ССР-м и секретарь Хъуэт Мухьэмэд зи пашэ гупым жьыдэкIэ хэтащ нужькIэ зи щIэр жьажьэ Іуаху литейщик Блэнауэ Инал, токарь Маргъуэщ Хьэцацэ, слесарь Гуэбзыщ1ыкI Къэралбий, нэгъэущIхэри.

Гидротурбиннэ механикэ заводым 1933 гъэм ятIонэ заказу иIар IэкIэ ягъэлажьэ насосхэрщ. Абы и ужькIэ гидротурбинэхэр псынщIэу икIи куэду къыщIагъэкIыу щIадзащ.

1942 гъэм предприятэм цыху 450-м нэблагъэ щылажьэрт. Гидротурбинэхэм нэмыщI абыхэм ягъэхьэзырырт ди промышленностыр зыщIэупщIэ нэгъуэщI продукцэхэри.

Хэку зауэшхуэм щыгъуэ заводыр зохакъуэтуэ щытащ. Ар зэфIагъэувэжу «Главнефтеснаб»-м хагъэхьа нэужь, и зэфIэкIми хэжъащ. 50-60 гъэхэм абы къыщIинагъэкIырт щIыдагъэм зэрелажь Iэмэпсымэхэмрэ механизмэхэмрэ. 70 гъэхэм абыкIэ заводыр СССР-м папщ щыхъуат, и Iэдакъэщ1кIэр нэгъэущI къэрал 60-м ящ1хурт. Хуэм-хуэмурэ предприятэр гъэпсыкIэ кадрэхэр гъэхьэзырыным и «кIыщ- хъуащ. Заводым и зыужьыныгъэм я гуащIэ халъхьащ 50 гъэхэм IэщIагъэм щыхуагъасэ училищэр къэзыухахэу Есэнкъул Іэбу, Блэнауэ Инал, Тхьэмокъуэ Чыланий, Дал Хьэмид, Гуревич Борис, Энеев Чачу, Лавров Дмитрий, Фролов Анатолэ, Дикарев Павел, Труфанов Дмитрий, нэгъуэщI куэдми. Япэ итахэм я щапхьэм тету ноби мэлажьэ заводым и ветеранхэу Кьундет Хьусен, Королевэ Татьянэ, Штанько Нинэ, Кьардэн Борис, Елышов Яков, Дзу Юэ, Дмитриченкэ Владимир, Болховитин Владимир, Заиченкэ Юрэ, Руденкэ Тамарэ сымэ, нэгъуэщI куэдри. Токарь Сопычев Евгений, финансхэмкIэ унафэщI Гороховэ Наталье, инженер нэхъыщхьэм и кьалэнэхэр зыгъэзащIэ Кульбаев Аслъэн, мастер Купин Сергей, газоэлектросварщикхэу Нэзран Николай, Мэрем Іэниуар сымэ, адрейхэми я цIэр дапщэри фIыкIэ кьраIуэ.

Лъэжьыгъэ уиэтыкIэ

«НАЛШЫК машинэ заводакционер обществэ зэIухар ди республикэм нэхъ зэфIэкI щыIэ IуэхущIапIэхэм я ящыщщ. Пооб абы цыху 700-м щIигъу щолажьэ.

ЗорыжаIэщи, Іуэхущ1апIэм и Іуэхур дэкIмэ, ар псом ящу зи фIыщIэр унафэщIырщ. Абы и пIэныкIуэкIэ фIыщIэ куэд хуэфащэщ заводым и тхьэмадэ Соблыр Руслан, Ар зыщыщыгъуазэ Іэнатlэ Іуэхущ1апIэм и1жьым. Зэ хъуэжьыныгъэ мыщIыхьэпэ хэм я зэранкIэ къэралым и экономикэр щехуэха пъэхъэнэм предприятэр ящ1ыхьэтригъэувыIакъым, Іэщ1агъэлI Іэзэхэр зэхуащIмэ, абы ди Іуэхур къилъэхъэнкIэ хъунущ. Дэ хъарзынэу дадолажьэ «Славнефть», «Сургутнефть» -«Коминефть», «Лукойл-Нижневолжскнефть», «Башкирнефть», «Татнефть» Іуэхущ1апIэхэм.

«Налшык машинэ заводОАО-р жьыдэжру хэтщ Мэзкуу, Уфа, Къазан, Астрахань, Баку, Оренбург, Дон Іус Ростов кьалэхэм «Щ1ыдагъэ-газ», «Щ1ыдагъэхимие» «Щ1ыдагъэ», «Насосхэмрэ компрессорхэмрэ» Іуэхущ1ыгъэхмкIэ илъэс кьэс къыщызэрагъэпэщ гъэльэгъуэныгъэ хэм. Абы папщIэ предприятэм кьыхагъэфащащ «Урысейм и машинэхуэу Іэнатlэр» - щ1ыдагъэгаз комплексым», «Урысейм и промышленностыр - щ1ыдагъэгаз комплексым» (Мэзкуу кьэ.), «Фейдешхуэ кьэзыт, фIагъ лъэгэ зиIэ Іэмэпсымэ кьыз1эрыщIигъэкIым папщIэ» (Дон Іус Ростов) зэIущIэхуэ хэм, «Урысейм и щIыналъэхэр» (Дон Іус Ростов), «Щ1ыдагъэ-газ» (Оренбург) гъэльэгъуэныгъэ-жьармыкIэ хэм я дипломэхэмрэ медалхэмрэ.

Апхуэдэу «Урысейм и лъэпкъ гъэльэгъуэныгъэм», Баку кьалэм щекIуэкIам, УФ-м и Президентымрэ республикэ щхьэгъусэ Іэнатlэмрэ я дипломхэр кьэщIратащ. Заводыр хэтщ ди къэралым щ1ыдагъэмрэ газымрэ зэрелажь Іэмэпсымэкъэ кьыщIэзыгъэкIэхэм я Зэгъэхьэныгъэм.

2006 гъэм жэпуэгъуэм и 7-м

А МАХУЭР машинэ заводым и тхьэдэм Іуэху дахэу икIи гукъинэжу хьыхьащ. Абы щыгъуэ Мэзкуу «Президент-хьэщIэщым» предприятэм и лIыкIуэхэм кьэщIратыжат и инатlкIэ ТЭФИ саугъэтхэм хуагъадэ Дунейпсо саугъэтыр - дыщэпскIэ гъэжа статуэткэмрэ фIыщIэ тхьыбымрэ. КьызэрэщащIыкIуэ комитетым и унафэщI Лызлов Дмитрий и Іэр зыщIэлъ тхыгъэм мыпхуэдэу итт: «Фи заводыр кьалъытащ Урысеим и экономикэм зиужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщI Іэнатlэу. Іуэхур зыгъефщIыхьыр нэхъ псынщIэу фейдэ кьыхъэхьыныркъым, атlэ пIалъэ кьыхькIэ щэхуакIуэхэм фаэзрыдэлэжьэныращ. Абы кьыхэкIыу, «Евразие» Дунейпсо фондыр, Хьэрыкъуэпсхэм я зэгуэхьныгъэр, «US PRIORITY INTERPRISE» экономикэмкIэ дунейпсо фондыр фи екъулIэныгъэ хэмкIэ дыныворхъуэкIыу.

2006 гъэм жэпуэгъуэм и 7-м саугъэтым и лауреатэхэр щагъэлъэпIа пшыхьыр кьыз1эрагъэпэщат Урысей Федерацием и Къэрал Думэм, Щ1ыналъэ зыужьыныгъэхмкIэ министерствэм, Жылагъуэ Палатэм, Мэзкуу и кьалэ Думэм, Къэрал Думэм кIэ Урысейпсо Академием, Уфа-м и МИД-м и Дипломатие Академием.

Гулъытэм щыщIэркъым

ДУНЕЙПСО финанс кризисым кьиша гугъуехьхэр кьыльэIэснымэхэ, заводыр зэпIэзэрыгъэ мэлажьэ, улахуэр и чэзум ет, и цIыхухэм ядо-Іэпыкъу. Іенджвз ФIыщIэм и Іуфэм зыгъэпсэхупIэ щIэщи, я унагъуэхэр ящIыгъуу лэжьакIуэхэм я нэгу зыщIрагъэужь, я бынхэр Налшык и санаторэ-курорт унэхэм ягъакIуэ, я узынщагъэм щыкIэлъагъэпIь, къыщрагъэIэзэ. Заводым и медпунктри гъэхуауэ мэлажьэ, зыхуэфащэ кьуэхуэкIэ, Іэмэпсымэ хэр ирикъуу яIэщ.

- Предприятэм и Іуэхур дэзыгъэкIыр ди цIыху гуащIафIэхэрщ. Дэри ахэр ди гульытэм щыдгъащIэркъым. Хэку зауэшхуэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэми зэпымыууэ защIыдогъакIуэ, - жIэ заводым и унафэщIым и япэ къуэдзэ Федченкэ Станислав. - Ди Іуэхущ1апIэм и1эщ сабий 270-рэ зэкIуалIэ гъэсапIэ, фэтэр 45-рэ хъу псэупIэ унэ ди мылъкукIэ яхуэдуэхущ, илъэсищIэ кьэс ди лэжьакIуэхэм я бынхэр догъэгуфIэ, догъэгушхуэ, тыгъэхэр яхуощ, нэхъ унагъуэ хуэмыщIахэм щхьэхуэу дадэIэпыкъу.

Федченкэ Станислав кьызэрыхигъэщамкIэ, мы илъэсым ику ит улахуэм хэщIыкIыу хэхъащ. 2007 гъэм ар сом 6375-рэ хьууэ щытаращ, нобэ мини 8-м ноблагъэ, нэхъ Іэзэ дыдэхэм мин 20-м нэс кьалэжь. Зы махуэ пьапIи кьэмынэу я цIыхухэм яхуоупIэ.

- Машинэ заводыр лэжьыгъэ гугъуэхэр щагъэзащIэ Іэнатlэхэм ящыщщ. Абы кьыхэкIыу, ди дежь кьуэныгъэр занщIэу тегушхуэркъым, зыкъомрэ егупсысын, чэнджэщэн хуей мэхъу, - жIэ заводым и унафэщIым и япэ кьуэдзэм. - Апхуэдэу ди лэжьыгъэм дихьахьыу кьыхтхуэкIыу щIалэгъуалэр ди гуапэу кьыдощтэ, кьыхахэа Іэщ1агъэм нэхъ псынщIэу икIи нэхъ куууэ зэрыхэдгъэгъуэзэным дыхущIокIыу.

Ди гупышхуэм хъарзынэу хэзэгъащ, екъулIэныгъэфIэхэри яIэщ дяпэкIэ куэдкIэ дызыщыгугъ щIалэхэу Соблыр Аслъэт, Боровик Виктор, Поляков Михаил, Нэзран Руслан, Соломатин Сергей сымэ. Рабочэ Іэщ1агъэм кьыхэзыхьыу хуей щIалэгъуаэхэр абыхэм ядрипIейм щыуэнкIым, щапхъэфI яхуэхьунщ, - кьигъэлъэгъуащ Федченкэ Станислав.

Напшык машинэ заводым кьикIуа гъуэгуанэр щIыхуу ящIэм и пщалъмкIэ кьэпIыхьтэмэ, тхьэмадэ Іумахуэ ныбжьщ, ауэ тхьэд и пIэныкъуэкIэ ящапщIэрэ, IанпIэ дахьеигъуэщ. Арами, илъэс 80-м кърибыдэу предприятэм хуэзэфIэкIар, абы щагъэхьея лэжьыгъэшхуэр хэмыгъэущжьым пIэужьку щIэбгъэм кьахуэнэнущ, япэ итахэм я щапхъэр гъуаэз яхуэхъунущ. Икли, пэж дыдэу, заводыр щауха, продукцэ кьыхтыи щыщIидза ильэсхэр жылагъуэ гъащIэм зэхъуэкIыныгъэ инхэр кьащIыхьуа пIэхъэнэщ. Инэ жьыпIэкIэ ар хьуат пIэпкъ кадрэмрэ инженер-техникэ интеллигенцэмрэ я кIыщ.

ИлЪЭС 80. А пIэхъэнэм кьрибыдэу предприятэм кьызэринэкIащ екъулIэныгъэ ин дыдэхэр, зыхуэныкIыныгъэм и жьым кьыздихьа гугъуехь мыухыжхэри. КърикIуэнкIэ хъунум емыгупсысу къэралым кьащIыхьатхьауэ щыта реформэхэм республикэм и Іэнатlэ куэдым я пIэр щIаудат. А зэманым акционер обществэу зэрахъуэкIа машинэ заводым кьыпэплъэр арат. Ауэ предприятэм и унафэщIэр жьыжьапIэу кьащIэкIри, я Іэщ1агъэлI Іэзэхэрэ я мылъку-техникэ гъьабжьэмрэ я ахьумащ, къэралкIуэщ, къэрал щIыбэ зэпыщIенхэу завод» акционер обществэ зэIухам и лэжьакIуэ гупыщхуэр я махуэ пьапIэм ирохьэлIэ зэкъуэту, зэрыгушхуэн ехьулIэныгъэхэр яIэу, мурадыфIхэм хэупIэу. Ар куэд щIауэ кьадекIуэкI хабзэ гъуэзэжащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик, БЕКЪАЛДЫ Илэ.

● Фокiадэм и 27-р Гъэсакiуэхэмрэ школ кiуэгъуэ ныбжьым нэмыса сабийхэм ядэлажьэкIэмрэ я махуэщ

Цыху гъащIэм щыщу гульытэ нэхъыбэ зыхуэщIыпхъэ зэманщ сабингъуэр. Абы щыгъуэщ акъылым зиуэзэщIын, и дуней еплыкIэм зиужьын щыщIидзэр, нэхъыщхьэкраш, цIыхум и узынщагъэм и лъабжьэр щигъэтIылъыр. Сабийм и гъащIэм пыща сыт хуэдэ Іуэхумкли, щэч хэмылу, жэуаплныгъэ зыхьыр адэ-анэхэрщ, ауэ абыхэм япебдзых хьуну къыщIэкIынкъым цIыкIуэм щакIэлъыплъ гъэсапIэхэм я пэжьакIуэхэр.

Прогимназием и гъэсэнхэр лъэпкъ къафэм дехьэх.

Дэрэжэгъуэмрэ гукъыдэжымрэ я лъэхъэнэ

ГЪЭСАКIУЭМ и Іущагъымрэ щэныфIагъымрэ, бгъэдэль щIэныгъэмрэ зыхищIэжэуапльныгъэмрэ куэдкIэ елъытащ сабийм гъащIэр кьыз1эрыщыхьунур. Садэм, прогимназиемэ, щылажьэ дэтхэнэ гъэсакIуэми и пщэ кьыдоехуэ лъэпкъым цIыху пэж хуэгъэсэным лъабжьэ хуэхъу, жэуапльныгъэ зыпыль кьалэнышхуэ. Сабийм и кьэухым зегъэужьныр, ар гъэсэныр, ныбжьыщIэр гушхуэуэ школ гъащIэм хэщIыныр - апхуэдэ мурадхэр иIэт Щад Светланэ гъэсакIуэ Іэщ1агъэм хуеджэну мурад ящIам.

Налшык дзт педагогическэ училищэр 1968 гъэм кьэзыуха бзылъхугъэ ныбжьыщIэм сабий садым лэжьэн щыщIидзащ, абы кьыдэкIуэуи а илъэс дыдэм КъБКъУ-м тхыдэмкIэ и факультетым еджэным щыпащащ. ЦIыкIугъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэта нэхъ, 1980 гъэм, Светланэ ягъуэващ Налшык дзт сабий сад №66-м и унафэщIу. И ныбжьыкIэ щIалэмэ, унафэщI щыпкъэм гупыр лэжьыгъэфIым хуэзэщIигъэуIуащ, и зэмани кьар уи щымысхьу. Садым и лэжьакIуэхэр щыгъуэу абы екъулIэныгъэфIхэр эыIэригъэхьащ. 90 гъэхэм я Іуэхущ1апIэр щытыкIэ гугъуэ щрихуами, абы екIуу кьикIащ.

Щадыр зи унафэщI Іуэхущ1апIэм кьалэм щыяпэу 1994 гъэм гъэм ар хьуащ гупсысыкIэ.

- Іуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ псомри ди кьалэнэхэр идохьэжьа фIым дых ущIэкIуу, льагаплIэщIэ хэр ди пльапIэу, - жIэ щIым зэрелажь, унагъуэм кьыщагъэсэбэп Іэмэпсымэхэр.

ЕтIуанэ пашым щызэхуэзэ щIыгъуэ акъылым зиуэзэщIын, и дуней еплыкIэм зиужьын щыщIидзэр, нэхъыщхьэкраш, цIыхум и узынщагъэм и лъабжьэр щигъэтIылъыр. Сабийм и гъащIэм пыща сыт хуэдэ Іуэхумкли, щэч хэмылу, жэуаплныгъэ зыхьыр адэ-анэхэрщ, ауэ абыхэм япебдзых хьуну къыщIэкIынкъым цIыкIуэм щакIэлъыплъ гъэсапIэхэм я пэжьакIуэхэр.

Прогимназием и лэжьакIуэ гупыр.

Светланэ. - Сабийм и акъылым зэрызедгъэужьныным, ар гъащIэм хуэдгъэхьэзыныным, езым и Іуэху еплыкIэ и1эжу, ар кьиIуэтэф у школым кIуэным, пщIэдзэ классхэр тэмэму кьеГъэхуэным хуэунэтIа лэжьыгъэ щхьэпэ куэд зэфIах ди гъэсакIуэхэм, егъэджакIуэхэм, прогимназием кьеКIуалIэ сабийхэм яд1эажьэ адрей Іэщ1агъэлIхэм.

Сабий кьэс гульытэ щхьэхуэ щахуащIыф Іуэхущ1апIэм. Гъэсакiуэхэр, егъэджакIуэхэр щыкIуэм зэрадэлэжьэну щыкIэхъэныгъэ кьагъэсэбэпынхьэ методикэмрэ ятеухуэ чэнджэщыфIэр абыхэм ярет щадым егъэджэныгъэ-гъэсныгъэ лэжьыгъэхэмкIэ и къуэдзэ, прогимназием илъэс зыбжанэ хьуауэ щылажьэ Вэрокъуэ Ленэ.

Прогимназием щекIуэкI лэжьыгъэм илъэс кьэс щэ гуэрхэр халажьэ. ГъэсапIэм и унафэщIхэм кьыз1эралыгъэмкIэ, абы и Іыхьэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ щIэблэр эхупсэу, льэпкъэ гъэсэныгъэ яхэлъу, щIэныгъэ яIэу къэгъэхьуныр. Абы хуэунэтIауэ прогимназием гупжьей зэхуэмыдэхэр кьыщыз1эрагъэпэщащ.

Сабийм и зэхэщIыкIымрэ и гупсысэм и кьэухымрэ зэрызрагъэужьым хуэдэу, Іуэхущ1апIэм гульытэ нэс щыхуащ цIыкIуэм я узынщагъэр хьуэмэным. А Іуэхум хуэгъэпсауэ прогимназием Іэнатlэ щхьэхуэ щолажьэ.

Гъэсакiуэхэм, медицинэ лэжьакIуэхэм цIыкIуэм драгъэкIуэй гимнастикэ хэха, Іэпкъльэпкъым и Іыхьэ щхьэхуэхэр ящыгъэ, нэгъуэщI физио-,фитотерапие жьыхуэтIэхэмкIэ йоIэзэ.

Сабийхэр щытыщ, щекIуэкI лэжьыгъэфI зэрыщекIуэжьым щрхьэжьэ яIэу, я лэжьыгъэм хуэIэижьу я Іэнатlэр уэныщэу ирахьэжьыну.

ТЕУВЭЖЫКЪУЭ Ларисэ.

● Лэскэн куей

Музеймкъ зеужь

Анзорей къуажэм Щэнхабзэмкiэ и унэм и унафэщI Алтамыз Риммэ илъэситIщы ипэжiэ а Іуэхущ1апIэм пэщыщхуит Іуэхуэ музей щыщыз1эйухауэ щытащ. Зэман мащIэм къриубыдэу Риммэ хуэзэфIэкIащ музейр зыхуейм эхмкIэ къызэрригъэпэщын.

ЯПэ пэщIыРхуахащ пасэ зэманым адыгэхэм къагъэсэбэпу ущатхэ цIыкухьу, цIыхубз фащэхэр, адыгэ пшынэхэр, щыкIэпшынэхэр, арджанэхэр, пасэрей хьэкъуащIыкъуэхэр, щIым зэрелажь, унагъуэм кьыщагъэсэбэп Іэмэпсымэхэр.

ЕтIуанэ пашым щызэхуэзэ щIыгъуэ акъылым зиуэзэщIын, и дуней еплыкIэм зиужьын щыщIидзэр, нэхъыщхьэкраш, цIыхум и узынщагъэм и лъабжьэр щигъэтIылъыр. Сабийм и гъащIэм пыща сыт хуэдэ Іуэхумкли, щэч хэмылу, жэуаплныгъэ зыхьыр адэ-анэхэрщ, ауэ абыхэм япебдзых хьуну къыщIэкIынкъым цIыкIуэм щакIэлъыплъ гъэсапIэхэм я пэжьакIуэхэр.

ГъэсакIуэхэм, медицинэ лэжьакIуэхэм цIыкIуэм драгъэкIуэй гимнастикэ хэха, Іэпкъльэпкъым и Іыхьэ щхьэхуэхэр ящыгъэ, нэгъуэщI физио-,фитотерапие жьыхуэтIэхэмкIэ йоIэзэ.

Сабийхэр щытыщ, щекIуэкI лэжьыгъэфI зэрыщекIуэжьым щрхьэжьэ яIэу, я лэжьыгъэм хуэIэижьу я Іэнатlэр уэныщэу ирахьэжьыну.

ТЕУВЭЖЫКЪУЭ Ларисэ.

● Тэрч куей

Шынагъуэншагъэр къыззрагъэпэщ

Иужьрей зэманым куэд щIэуэзавэ хьуащ рулым дэсхэм гъэгу хабзэхэр щIэхьщIэхьыуэр къыззрызэнаудым. Псом хуэмыдэж гуэхуэгъуэйщ къыз1эрагъэхуэм и лъабжьэ уэрамхэм машинэкIэ къызэрыщызэдэжьэр.

ГЪУЭГУМ шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыныр зи кьалэн Іуэхущ1апIэр апхуэдэ шоферхэм яп эмылъэщыкъ щIыхьэм, уэрамхэм тралъхьэу щIадзащ хьэфэм къыхэщIыкIа Іуащхьэ цIыкIуэхэр. Апхуэдэ Іэмалым щыхуекIуащ Тэрч кьалэмэ. Машинэхэр нэхъ къыщызэдэжэу кьалтытэ уэрамхэм ящыщу Лениным и цIэкIэ щыIэм апхуэдэ Іуащхьэ цIыкIуу 8 тралъхьэнущ. Асфальтым къыхэщIыкIауэ апхуэдэ «тулъэфхэм» Лермонтовым и цIэкIэ щыIэ уэрамым зэрытралъхьэрэ гъуэгум къыщIыхьу гуэзвэгъуэхэр нэхъ мащIэ хъуащ.

Апхуэдэ Іуащхьэхэр зиIэ уэрамхэм щрижжкIэ, рулым дэсхэм, хуей-хуэмейми, нэхъ хэму кьакIухь, я машинэхэр ямыкъутэн щхьэкIэ. Іуащхьэ цIыкIуэхэм я фIыгъэкIэ, шофер «щхьэ пщтырхэм» я кьыздэжьэкIэрэ нэхъ мащIэ хьунуэ я кьалэдэсхэр мотор гъуэхуэу макъым кьигъэушынукъым, апхуэдэуи гъуэгум щынагъэншагъэр нэхъ кьыщIэзгъэпэща хьунущ.

ДЗЭГЪАЩIГЭ Азэмэт.

Заводым и унафэщI, КъБР-м промышленностымкIэ щIыхь зиIэ и пэжьакIуэ Соблыр Руслан

Заводым финансхэмкIэ и унафэщI Гороховэ Наталье

Кiыщ-щагъэхьэзыр Іэнатlэм и мастер Купин Сергей

ГъущI зэпызыгъавэ Мэрем Аннуар

Торцовэ цехым и токарь Сопычев Евгений

Инженер нэхъыщхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Кульбаев Аслъэнрэ брууакIуэ Вернигора Владимиррэ



ГъущI зэпызыгъавэ Былымгъуэт Султlан

Бартошек Владислав ягу къагъэкIыж

Тезыхрэр ирегъэхьэкIынымкIэ Урысейм и федеральнэ къулыкъум и Іуэхущ1апIэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм я кьалэныр кьадезыхьэкIхэр, лIыгъэ, щапхъэ къагъэлъагъуэу кьахэтахэр зэи ящыгъупщрыкъым.

ПСОМ хуэдэжкъым дунейм ехыжа я лэжьыгъуэхэр. Апхуэдэхэм ящыщщ Бартошек Владислав, зи кьалэн зыгъэзащIэу Шэшэн Республикэм 2000 гъэм щыхэкIуэдауэ щытар. Абы лъандэрэ и ныбжьэгъуэхэм я щIалэ хьэлэмэтыр ягу кьамыгъэкIыжу зы иIъэси дэкIакъым. «Вулкан» кьудамэ хэхам кьулыкъу щызыщIэхэм Владислав и фэеплъу мы гъэм жэрдэм кьыхахьащ Европэм и бгы нэхъ лъагэ дыдэ Іуащхьэмахуэ дэкIыну.

Мыльлъэ щыгум дэкIуеящ гуп щхьэхуэм и унафэщIым и ныдэдэ Жэман Арсенрэ еБгъэрыкIуэ кьудамэм и гупым и оперуполномоченнIэ Шэрджэс Къазбэчрэ. Абыхэм Іуащхьэмахуэ жьым дэхуарзэу «Вулкан»-м и ныпыр щызэкIуэщIахащ.

ЗЭБАР Мадинэ,

Тезыхрэр ирегъэхьэкIынымкIэ Урысейм и федеральнэ къулыкъум и Іуэхущ1апIэу КъБР-м щыIэм и пресс-Іуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

●Си хъуреягъкIэ

Псэм дыхуэвгъэсакъ

- САБИЙМ и Iуэхур гугъущ, фыхуэсакъ, щIыIэ евмыгъауэ, - жIэ до хутырым.

- Мы хуабэвэхми, - догъэщIагъуэ дэ. - ЩIыIэ щIыIэ мы хуабейм?!

- Хьэуэ, хьэуэ, ар жьыпIэу, убэзэрыгъ хъунукъым, - кIыт-хуидзкIым мыдрейм. - Куэд хуей фи гугъэ абы... Жьы зэпеуэр зэ кIыжьжьхуэмэ, зэгъэкIащ: сабиймрэ Iэпкъ-лъэпкъыр джэдыкIэ пIапIэм хуэдэщ, зы мащIэри зэран хуэхъунущ.

Пэкщ до хутырым жиIэр - сабиймрэ Iэпкъ-лъэпкъыр джэдыкIэ пIапIэм хуэдэщ, зы мащIэри зэран хуэхъунущ. Ауэ и псэр-щэ? Хуэдэкъэ сабиймрэ псэр джэдыкIэ пIапIэм? Хуэдэщ. ИтIанми ар зэ-хъыщIу хуэдэ. Сабиймрэ Iэпкъ-лъэпкъыр, ар ЛъакъуэкIэ еуэу ирахуэжьэну. Ауэ топыр �IэкIэ къащти, къаубыди хъунукъым. Топыр зыми темыхуэу щIым ехуэхамэ, ар, дауи, техьахэм къапхъуэ-тэжьну хэтщ. Абдежьым адрей гупым щыщ нэхъ гъуэгуфIу ирихьэлIэмэ, абы щIым щылъ топыр лъакъуэкIэ ирихужьэу зэрыхуейм хуэдизрэ кIрихуэкI хъунущ, техьахэм ящыщхэр и ужь кьитми зыльэщIмы-гъхьэу. КIыхьлъэщIыхьэу хуежьа нужьыкIэ абы топыр лъэныкъуэкIэ хьифIехуэ лъапэкIи, езыр щIопхъужьри гупым яхо- лъэдэж.

Техьахэр псори кIаубIамэ, зыгъэрахьуэкIри пащэ. КIаубIэхэр адэкIэ джэгуркым, а зэ теугъуэр нухьхьуэкIэ. Щыджэгу щIыпIэри зэраухьлIэ: мо жыгым нэс, адэкIэ хэткым, мы турым ущхьэдэх хъунукъым, н.къ.

«Адыгэ сабий джэгукIэхэр» тхылъым къитхьжащ.

●Хабзэ

ПIургъэлъагъу

ПАСЭМ щыгъуэ адыгэпщхэмрэ лакъуэлIэшхэмрэ я быныр атэлыкъхэм хуапIырт. Дауи, ахэр хуэажэ сабиймрэ хамыгъэхьэу щIэубыдауэ ягъасэртэкъым. Хабзэм тету абы хуащIапхъэ зыри къагьанэртэкъым. Абы я лъэтеувэрэ, я щхьэц упсри, кьинэмыщIхэри зэрыжьлэу здагъэлъапIэу, яIэту щытащ.

А псом и щIыIужкIэ, мыдрей мэкъумэшыщIэхэм я быным хуамыщIми, атэлыкъым кьану ипIым тхьэлъэIу лей хуищIырт, сабийр илъэс ирикъуэ нэужь. Адыгейхэм, кIахэ адыгэхэм, абы щхьэкIэ жаIэу щытащ «ПIургъэлъагъу», къэбардейхэр зэреджэр «КьанГэлъагъут».

Мы тхьэлъэIур, зэрыхабзэти, сабийм и дзыгъуэ щхьэцыр илъэс ирикъуэу щытрахьи ирагъэхьэлIэрт. И кьаным пIургъэлъагъу зэрыхуищIынумкIэ атэлыкъым хъыбар яригъащIэрт езым и ныбжьыгъуэм, сабийм и адэмкIи, и анэмкIи я благъэхэм, и адэшхуэхэм я ныбжьэгъуэхэм, ауэ езы адэшхуэ-анэшхуэхэр, хьыбар ящIэми, кIрихьэлIэртэкъым. Ар ермыкIуу, хабзэм емызэгъыу яIыхтэрт. Дауи, пIуразпIэ къакIуэм и бжыгъэр елыхат сабийм и лъэпкъым и зэфIэкIымрэ атэлыкъым и цIыхугъэмрэ.

ПIургъэлъагъум гуфIэгъэ Iэнэ кьыщаIэтым и мызакъуэу джэгушхуэхэр иращIэкIырт, хьыджэбзхэм щхьэкIэ хьыринэ иращIэрт, кIапсэрыкIуэхэр кьашэрт, хьэщIэхэр нэщанэ ирагъауэрт, шыгъажэ, шы игъэлъ, шыбгъэрыуэ, джэдыкIэ кьутэ, нэгъуэщI Iэджэхэри ирагъэкIуэкIырт, джэгуакIуэхэм уэрэд яусырт, кьафэхэмрэ уджымрэ нэху щыху зэхэкIыртэкъым.

Дауи, жыIэпхъэщ, сабийр гъэсэным ехьа хабзэхэр тхьэлъэIурэ гущэхэпхэ хуэдэ IуэхуэхэмкIэ зэрызэфIэмыкIыр. Уеблэмэ, щIэблэр щапIыр, щагъасэр мыдрей кьызэрыгуэкI унагъуэ гъащIэ екIуэкIырщ, махуэ къэсыхукIэ дунейм кьыщыхъур сабийм зэрыбгъэдалъхьэрщ. ИкIи ар зы цIыхум, хьэмэрэ тIум я жэрдэмкIэ зэфIэкIыркъым. Абы кьыхэкIыу, кьанГэлъагъуэхэм лъабжьэ яхуэхъуагъэнущ сабий гъэсэ-ныр, ар пIыныр балигъ псоми я Iуэхуу, я кьалэну зэрыщIтыр.

НэхъыщIэхэр ягъэсэныр, Гъуэгу тэмэм тегъуэвэныр я Iэхут дэтхэнэ зы адыгэми. Псалъэм щхьэкIэ, гъуэгурыкIуэм сабий кьуейщIей илъэгъуамэ, абы ешхыдэ къудейкIэ кьимыгъанэу, сабийр зейм я унэр кьигъуэтырт, абы дыхьэрти, и нэгу щIэкIа псори унагъуэм я нэхъыкьэм яжриIэрт, я быным я нэIэ трагъэтыну елъэIуу. Ар унагъуэм я жагъуэ ящIын дэнэ кьэна, лIы мыщIыхум фIыщIэ хуащIырт, щIалэ щIыкIыми и тхьэкIумэр хуаIуантIэрт.

Адыгэ унагъуэм и гъащIэм, и псэукIэм, абы и зэгурыIуэхIэм къудкIэ елытат кьахэхьуэ сабийм и дуней техьэ-хьунур. Нэхъыкьэм я лэжьэкIэ, зыгъэпсэухкIэ, гушыIэкIэ, тIысыкIэ, шхэкIэ, псэлъэкIэ нэгъунэ нэхъыщIэхэм щапхъэ яхуэхъурт, щIалэ щIыкIуэр щIыхуэхъуэм ядэплъейуэ, хьыджэбз щIыкIуэм унагъуэм ис бзылъхугъэхэм щапхъэ тра-хыу. Абы и лъэныкъуэкIэ фIэкIыпIэ зимыIэ Iуэхугъуэт унагъуэм зы унафэ иIыныр, а унафэм щIэту дэтхэнэ зыми езым и кьалэныр игъэзащIу щытынущ. Мыбы щIыгъуи псори зыхуэкIуэжыр нэхъыкьэм я дуней тетыкIэу нэхъыщIэ-хэм яIыгъурт.

МАФIЭДЗ Сэрэбий.

●Фэ фщIэрэ?

Псэльафэхэм я мыхьэнэр

Адакъэрэ пэт джэджьейр еГъашхэ. Адэм бынунэр ерыскъыкIэ кьызэригъэпэщыну зэриборшыр гурызыгъаIуэ псэльафэщ.

Вы зимыIэм шкIэ щIещIэ. Зыгуэрым и ныбжьым, и кьарум, и зэфIэкIым хэмыкIуэ е ар зыхуэмыхьэзыр, абы кьытехьэлъэн кьалэн и пщэ щыдалъхьэм (е кьыщыдхуэм) дэж кьапсэлъ хабзэщ.

Дыщ къэкIуар езым щ щащуэ кIуэжащ. И мурадыр кьэхъулIакъым: и Iыхьэ зыхэмылым къыхихын игугъа щхьэкIэ, езым хилъхьэн хуей хъуащ.

Быдэ и анэ гъыркъым. 1. ПщIыр Iэбыдэлъэ-быдэу, кьэмытIэхъэжьн хуэдизу щIы. Бидагъэм гулъытэ хэха хуэщIыпхъэу щыщытым деж кьапсэлъ хабзэщ. 2. ЯпжкIэ пIлъэ, сакъ, губзыгъэу щыт - лжьыкн хуей щыIэмэ, щытыкIэм уримыхулIэ щIыкIэ, лжьэ (е нужьыкIэ ухущIемыгъуэжьн е бзылъхъ уэхэмытыжьн щхьэкIэ). Iуэхур дзыхьщIыгъуэджэу щыщытым дež кьапсэлъ хабзэщ.

Хьащэ я кIуэкIэ ещIэ. ГъащIэм, дунейм фIыуэ хэзыщIыкI, дэтхэнэ зы Iуэхуми хэзагъэ щIыху Iущым хужаIэ.

Зымыцхьэм и мэкъумэн щIкIэщ. Iуэхум гурэ пэкIэ бгъэдэмыт, илъэкым кьырихьэнур Iейми фIыми зи зэхуэдэ щIыхум и лжьэкIэм теухуащ.

●Къуажэхьхэр

Псым къыхах, псым хыхьэж

■Къандзэгу бгъэбатэмэ, бэтэжауэ къыщIокI.

■Къэрабэ плъыфэу уафэм едзэкIащ.

■Кьигъуэтыр зыщхъ, ищхар зымыпшыныж.

■Псым къыхах, псым хыхьэж.

Iэрпрофэ Шэмгъ Дзамгъ. Шыгъ.

Жэуапхэр:

«Адыгэ сабий джэгукIэхэр» тхылъым къитхьжащ.

●ГурыщIэ толъкъунхэр

НэгъуэщIхэмрэ дэрэ

Мы дунеишхуэр игъащIэми тIуэр гуэша хуэдэщ - ейрэ фIыуэ, ар щынэрыльтаГуи, гъэпщкIуа хуэдэу зэрыщIы щIыIэу. ЦIыхур акъыл иIэу къыщIигъэщIар а тIур хуэзэхэкIыу щытын щхьэкIэщ. Абы и щхьэм фIэкIа нэгъуэщI къыфIэмыIуэхуу, адрейхэм лей къатехьэми, и щхьэр хихрэ ежьэжмэ, дэнэ фIыр здэщыIэжьыр?

Зэн къэхъуркъым зи щхьэм нэгъуэщIхэр езыльтыту фIы гуэр зыщIар фIы хуэмызэжу. ДыщыцыхухкIэ щхьэ дегупсысыфын хэмейр абы?

Мардэншэ щыIэкъым

ЦIыху къэс акъыл зырыз яIэщ, цIыхуитI я гупсысэкIэр, я Iужу епIыкIэр зэтемыхуэу. Зэдаун къахокI, абы щыгъуэ тIум язми зыфIэзэхуэжу, езым жиIар пцIыуэ е щыуауэ къыщIэкIынкIэ Iэмал имыIэу, и псалъэм темыкIым щхьэкIэ унуКIыну е зыиугъэкIыну. Гъбзыгъагъэ ерыщагъэ зэрыщыгъэ щыIэщ.

Армырамэ, а зэдаунтIым я акъыл зэхатхъэу щIыззэдауэм щхьэ емыгупсысрэ, мардэ зимыIэ щIыху закъуэ акъыл щыщымыIэкIэ?

нэхущ Хьэжпагуэ.

● Псалъэжьхэр

Зэхэпх псор уи фIэщ умыщI

♦ПхъьIэщэм вы щIэмыщIамэ, пхъэ дакъэщ.

♦ЩIэныгъэ лей хъуркъым.

♦ Зэхуэзыщ Iэ зэщIэнэкIэжкъым.

♦Псыр гъужмэ, бдзэжьейм и джалщ.

♦ Iуэхутхьэбзэм бзыпхъэ иIэщ.

♦Жьырытэдж шатэшхщ.

♦ Зэхэпх псор уи фIэщ умыщI.

♦ Е Iым хуэдэлI зыубым цIыпхъэ хэлъкъым.

♦Къуршым цы IуданэкIэ къекIу.

♦ПцIыупс и кIапсэ кIыхьщ.

♦Ныбэ Iейм зыщIы и пщIы-хьщ. Псы мыгъавэ бдзэжьей хэсщ. Нэфым и пэм хихар и гум хелъхъэж.

♦ Ныбэм имылъмэ, нэр пIлъэркъым.

♦Псэм лъыхъур щхьэм и кьурмэныпхъэщ.

♦Зи нэгу кьабзэм игури кьабзэщ.

♦ Зэхэпх псор уи фIэщ умыщI.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар нэщIэпыджэ Замирэщ.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **4.** Бдзэжьей лIэужьыгъуэ. **8.** Мэ дахэ къыдэмыхткIуэгъкIуэ. **9.** ХадэхэкI. **11.** Ди щIыналъэм щыIэ псыежэх. **12.** ... Iистофрилэхь! **14.** ТхъуцIынэ щIахуа нэужь кьанэ псыр. **16.** Ди кIуажэ дэсщ зы фыз ..., узыфэ зыкъом игъэхьужу. **17.** Фадэ гуащIэ. **18.** Iэщым я фэр изых бадзэжь. **19** Толъкъунхэр зытелъадэ хы Iуфэ. **20.** ... и къуэ дзыгъуащэщ. **23.** Нэмэз ... **24.** Тырку дзэзешэм зэреджэ, **25.** Нартыхум кьыхэщIыкIа адыгэ шхыныгъуэ. Абы нэгъуэщIыцIи иIэщ. **30** ЩIым гъуэ куу щещIри щопсэу, и шхыныгъуэр хьэпIащIэщ. **32.** ХадэхэкI. **33** ...-урым бэнэкIэ. **34.** Дин лэжьакIуэ. **35.** Джэджьейм хуэлъэ къуалэбзу. **38.** Бжейм и жылэ, яшх. **43.** ... зэхэдзэ нэхъ-рэ, Iыхьэ зэхэдзэ. **44.** Мэлым къытращыкIа цы щабэ. **47.** Къуэм и щхьэгъусэ. **49.** ХадэхэкI зытрасэ щIы Iыхьэ. **50** ЧнутIым, нэгъуэщIу зэреджэ. **52** Ерыскъы Iэфы тхуэзэхуэзыхьэс хьэпIащIэ къэзылъэтыхь. **53.** ЩIэжьей. **54.** Фидель Кастрэ Рус а къэралым и унафэщIу щытащ илъэс 40-м щIигъукIэ. **55.** Къуаншагъэ зылэжьа щIыху. **56.** Зыгуэр иракIутэн хьисапкIэ яшыхьа тхылъымпIэ. **58** Зи гъэгъар хужь дахэ жыг лIэужьыгъуэ. **59.** ГъущIыкIэм пыщIа Iэщ Iагъэ. **60.** Iэпслъэпсым щыщ. **61.** ЩыуэгъуцIыкIу. **27.** ХьэкъущIыхьым деж яхуапэри, «Я Аллахь, уэшх къеГэщIэжх» - жаIэурэ къращэкI.

Къехыу: 1. БжэIулъэ. **2.** Къамэ Iэпщэр зэрагъэщIэращIэ. **3.** ПхъэIэпэм апхуэдэу йоджэ Дзэлыкъуэ щIыналъэм щыпсэухэр. **5.** Джэдкъаз. **6.** ЗэрыжьыщIэ. **7.** ЩIыр зэравэ Iэмэпсымэ. **10.** МусЛъымэнхэм я махуэ лъапIэ. **13** Къъуейм зы ... къыскуугуэгъэжьт. **15.** КIыщокъуэ Алим и поэмэ. **21.** Ди гъунэгъу республикэм щыпсэу лъэпкъ. **22.** УнэлъащIэм щыщ. **24.** Бын. **26.** Уафэм къех мыл тыкъыр къыхихын игугъа щхьэкIэ, езым хилъхьэн хуей хъуащ.

Быдэ и анэ гъыркъым. 1. ПщIыр Iэбыдэлъэ-быдэу, кьэмытIэхъэжьн хуэдэу щIы. Бидагъэм гулъытэ хха хуэщIыпхъэу щыщытым деж кьапсэлъ хабзэщ. 2. ЯпжкIэ пIлъэ, сакъ, губзыгъэу щыт - лжьыкн хуей щыIэмэ, щытыкIэм уримыхулIэ щIыкIэ, лжьэ (е нужьыкIэ ухущIемыгъуэжьн е бзылъхъ уэхэмытыжьн щхьэкIэ). Iуэхур дзыхьщIыгъуэджэу щыщытым деж кьапсэлъ хабзэщ.

Хьащэ я кIуэкIэ ещIэ. ГъащIэм, дунейм фIыуэ хэзыщIыкI, дэтхэнэ зы Iуэхуми хэзагъэ щIыху Iущым хужаIэ.

Зымыцхьэм и мэкъумэн щIкIэщ. Iуэхум гурэ пэкIэ бгъэдэмыт, илъэкым кьырихьэнур Iейми фIыми зи зэхуэдэ щIыхум и лжьэкIэм теухуащ.

Жэуапхэр: 1. БжэIулъэ. **2.** Къамэ Iэпщэр зэрагъэщIэращIэ. **3.** ПхъэIэпэм апхуэдэу йоджэ Дзэлыкъуэ щIыналъэм щыпсэухэр. **5.** Джэдкъаз. **6.** Зэрыжьыщ. **7.** ЩIыр зэравэ Iэмэпсымэ. **10.** МусЛъымэнхэм я махуэ лъапIэ. **13** Къъуейм зы ... къыскуугуэгъэжьт. **15.** КIыщокъуэ Алим и поэмэ. **21.** Ди гъунэгъу республикэм щыпсэу лъэпкъ. **22.** УнэлъащIэм щыщ. **24.** Бын. **26.** Уафэм къех мыл тыкъыр щыщ. **27.** ХьэкъущIыхьым деж яхуапэри, «Я Аллахь, уэшх къеГэщIэжх» - жаIэурэ къращэкI. **28** Вакъэ лъапщэ кIыхь. **29.** ЩIыгъынлэжьа, пIащIэ хъуа. **31.** ПхъащIэ Iэмэпсымэ. **33.** Адыгэ таурыхъхэм узыщрихьэлIэ, шы лъэрызехьэ. **36.** Гэрч районым хиубыдэ къуажэ. **37** Нащэр къыщIамычуурэ ... щIэхъухьащ. **39.** Нартыху хъумапIэ. **40.** ЦIыхубз щыгъын. **41.** Пхъэщхьэмщхьэ. **42** ЦIыху нэжэгужэм, жаныи, нэIурытым щхьэкIэ жаIэ апхуэдэу. Е фамилIэ зиIэ хьэпщхупщ. **45.** МахуэцIэ. **46.** Таурыхъ, быпсэ ... **48.** ЦIыхь пIащэ. **51.** Уи псалъэ гуауэр ... сщыхъуащ. **53.** НэщIисым и пщэдджьжьышхэ. **57.** Зи щхьэцыр, жьакIэр зэщIэкIа. **58** Бжьэхуц зыдэлъ щыгъын хуабэ дыта.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

ФокIадэм и 19-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **1.** КIыщокъуэ. **6.** Шапсыгъ. **10.** Лашын. **11.** Нартыху. **12.** Матрос. **13.** Елэн. **14** ПщыхьэщIэ. **15** Марш. **20.** Хьэзыр. **21** Медан. **22.** Хьэмэм. **23.** Зеикъуэ. **28.** ШхуэIу. **29** «Гуащэгъагъ». **32.** Дышэ. **35.** Мэшбэв. **36.** Гъубжокъуэ. **37.** Бэдын. **38.** Зэпсэгъу. **39.** Гъуэзэджэ.

Къехыу: **1.** КIэнфет. **2.** Щэрмэт. **3.** Къулыкъу. **4.** Къанды. **5.** Шыпсэ. **7.** Авар. **8.** Сэрмакъ. **9.** Гъэсашэ. **16** Джэримэс. **17** «Рэмэзан». **18** Бэдэху. **19.** Мамкъут. **24.** Ашэмэз. **25** ХьэпщыпI. **26** «Сыножьхэ». **27.** Лъэхъэнэ. **30.** ЩIэбэт. **31.** Гъэрыхъу. **33.** ХьащIэ. **34.** Хъубжэ.

Къупщхьэлъапщхьэ лэпс зэрагъавэр

Халъхьэхэр: псыуэ - г 3000, къупщхьэ зэпыудауэ - г 100, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 100, пхъыуэ - г 60, бжьыныху укъэбзау э, губгъ уэпхъыу, шыгъуу - узыхуеим хуэдизэ.

Абы щхьэпIэ къэбгъэсэбэп хъунущ Iэщышхуэхэм, Iэщ щIыкIуэхэм я къупщхьэхэр, лы якIэрылъыр кьыкIэрагъэжьа нэужь. КуцI зэрылъхэри зэрымылъхэри джыдэкIэ зэпауд сантиметри 6-8 я кIыхьагъэщ. Ахэр псы хуабэпщIкIэ фIыуэ ятхьэщI. ИтIанэ шыуаным ит псы щIыIэм халъхьэри, пэшхьэкум трагъэувэ. МафIэр ину блэуэ зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр чымчырыкIэ кьытрахьэуэ. ЩужькIэ мафIэр ирашэхри, шыуаныщхьэр тепIуэ сыхьэтитх-у хьыкIэ кьагъэкъуалъэ, абы щыгъуи тхъурымбэр кьытрах. Лэпсыр бжьэпIэ щыкIутхуэтIощI х уэдизкIэ щагъэт, лэпсым нэхъ мэ гуакIуэ кьыхихын щхьэкIэ. Лэпсыр бинт тIуащIэ-щащIэкIэ язык. Абы ирипщI хъунущ хьэнтхъупс, шыпс, ауи уефэ хъунущ.

Лэпс зэщIэт, мэлыл хэлъу

Халъхьэхэр *(цIыхуитI Iыхьэ):* мэлылу - г 600, лыр зэрагъэвэну псыуэ - г 1200, губгъу эпхъыу - тхьэмпитху-тхьэмпих, бжьыныхуу е кьэлэру - г 50, шыбжий сыр хьэжауэ, шыгъуу - узыхуейм хуэдизэ.

Абы щхьэкIэ, мэлылыр яупщIатэ, Iыхьэхэр г 250-300 хуэдизэ хъуурэ. Псы щIыIэкIэ ятхьэщI, шыуаным иралъхьэ, псы щIыIэ щакIэри мафIэ иным тету зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр кьытрахыурэ. МафIэр цIыкIу ящI, шыуаныщхьэр трапIэри, тхъурымбэр кьытрахыурэ лыр ныкъуэвэфI хъуху ягъавэ. ИтIанэ бжьыныху-шыгъу е кьэлэр, шыбжий халъхьэ, шыуаныщхьэр трапIэжри хьэзыр хъуху ягъавэ ин дыдэу къэмыкъуалъэу. Шыу аныр пэшхьэжум кьытрахри, лыр кьыхамыхыу дакьикьитху-хьыкIэ щагъэкIэт, нэхъ IэфI, мэ гуакIуэ кьыхихын щхьэкIэ. Лы кьыхэкаэр тепщэчым иралъхьэ, абы лэпскIэ щIа бжьыныху шыпс тракIэри пщтыру яшх. ПIастэ щIыIэ дашх. Шха нэужь лэпс пщтыр за трафыхьыж.

КЪУБАТИЙ Борис.

Сыт къэбукIа?

Махуэ гуэрым щакIуэ щыIа лIым и гъунэгъуэр еупIащIащ:

- Сыт къэбукIа? - жери.

- Сэ зызукIыжащ, - итащ жэуап лIым.

Шэмэджкlэ пхъэ паупщIыркъым

Шэмэджыр и дамэм телъу кьрикIуэж дадэм, къыхуэза щIалэр къеупщIащ:

- Дэнэ укъикIыжрэ, тхьэм жиIэма?

- Тхьэм жиIэмэ, щIымахуэпхъэр къэзгъэхьэрычэтащ.

- ШэмэджкIэ пхъэ паупщу сщIэркъым сэ, мэкъу еуэу фIэкIа...

- Ар къыщыбгурыIуэкIэ щхьэ укъызэупщIрэ, щIалэ?

●Адыгейхэр мэгушыIэ

Джанэмрэ гумрэ

- Уигу техуа мо ди гъунэгъум джанэщIэ къызэрыщIэгъар?

- Дауэ техуэн, мо джанэ къуэлэнышхуэр мы сигу цIыкIум.

ХьэщIэмыз Биболэт.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Кьардэн Маритэ, Ныбжьэ Таисэ, Хьэжьыкьарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ и щIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щихьэбзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущ1ап1эхэм ядэлажьэмкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пресмоэхмкIэ - 42-22-88; епъуджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; здэщыIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1ап1эм - 42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкl Соня, редактору Табыш Динарэ, корректорхэу **ПхъатIыкI Юрэ** *(1,4-нэ нап.)*, **Бапэ ФатIимэ** *(2,3-нэ нап.)*, корректорхэм я дэлэныкъуэгъу **Иуан Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр зыщIар:* **Ныр Саидэ, ГъукIэлI Расе, Щомахуэ Мариашэ,** *суэрэтыщI* **Бицу Жанэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыраш.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 22.00-рщ.

Индексыр 51531●Гираж 10.028●Заказ №3108

● Адыгэ шхыныгъуэхэр

Лэпс зэщIэт, мэлыл хэлъу

Халъхьэхэр *(цIыхуитI Iыхьэ):* мэлылу - г 600, лыр зэрагъэвэну псыуэ - г 1200, губгъу эпхъыу - тхьэмпитху-тхьэмпих, бжьыныхуу е кьэлэру - г 50, шыбжий сыр хьэжауэ, шыгъуу - узыхуейм хуэдизэ.

Абы щхьэкIэ, мэлылыр яупщIатэ, Iыхьэхэр г 250-300 хуэдизэ хъуурэ. Псы щIыIэкIэ ятхьэщI, шыуаным иралъхьэ, псы щIыIэ щакIэри мафIэ иным тету зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр кьытрахыурэ. МафIэр цIыкIу ящI, шыуаныщхьэр трапIэри, тхъурымбэр кьытрахыурэ лыр ныкъуэвэфI хъуху ягъавэ. ИтIанэ бжьыныху-шыгъу е кьэлэр, шыбжий халъхьэ, шыуаныщхьэр трапIэжри хьэзыр хъуху ягъавэ ин дыдэу къэмыкъуалъэу. Шыу аныр пэшхьэжум кьытрахри, лыр кьыхамыхыу дакьикьитху-хьыкIэ щагъэкIэт, нэхъ IэфI, мэ гуакIуэ кьыхихын щхьэкIэ. Лы кьыхэкаэр тепщэчым иралъхьэ, абы лэпскIэ щIа бжьыныху шыпс тракIэри пщтыру яшх. ПIастэ щIыIэ дашх. Шха нэужь лэпс пщтыр за трафыхьыж.

КЪУБАТИЙ Борис.

●Дунейпсо фестиваль

Италием кьинкIа хьэщIэхэр «Кабардинка» ансамблым «Уэркъ къафэр» зэрагъэзащIэм йоплъ.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

●Сабийхэм папщIэ

Iэгуауэ

МЫ ДЖЭГУКIЭМ фIыуэ зэкIуэцIыгъэпцIыхьа цы топ е быдэу зэкIуэцIыдауэ дыжь топ кьыщагъэсэбэпырт. Иджы, дауи, Iэ Iэпкъ-лъэпкъым кьыгъемыхуамэ, абы лъакъуэкIэ еуэу ирахуэжьэну. Ауэ топыр Iэкъ къащти, кьаубыди хъунукъым. Топыр зыми темыхуэу щIым ехуэхамэ, ар, дауи, техьахэм къапхъуэтэжьну хэтщ. Абдежьым адрей гупым щыщ нэхъ гъуэгуфIу ирихьэлIэмэ, абы щIым щылъ топыр лъакъуэкIэ ирихужьэу зэрыхуейм хуэдизрэ кIрихуэкI хъунущ, техьахэм ящыщхэр и ужь кьитми зыльэщIмы-гъхьэу. КIыхьлъэщIыхьэу хуежьа нужьыкIэ абы топыр лъэныкъуэкIэ хьифIехуэ лъапэкIи, езыр щIопхъужьри гупым яхо- лъэдэж.

Техьахэр псори кIаубIамэ, зыгъэрахьуэкIри пащэ. КIаубIэхэр адэкIэ джэгуркым, а зэ теугъуэр нухьхьуэкIэ. Щыджэгу щIыпIэри зэраухьлIэ: мо жыгым нэс, адэкIэ хэткым, мы турым ущхьэдэх хъунукъым, н.къ.

«Адыгэ сабий джэгукIэхэр» тхылъым къитхьжащ.

Псым къыхах, псым хыхьэж

■Къандзэгу бгъэбатэмэ, бэтэжауэ къыщIокI.

■Къэрабэ плъыфэу уафэм едзэкIащ.

■Кьигъуэтыр зыщхъ, ищхар зымыпшыныж.

■Псым къыхах, псым хыхьэж.

Iэрпрофэ Шэмгъ Дзамгъ. Шыгъ.

Жэуапхэр:

«Адыгэ сабий джэгукIэхэр» тхылъым къитхьжащ.

●Къэрабэ плъыфэ

Къупщхьэлъапщхьэ лэпс зэрагъавэр

Халъхьэхэр: псыуэ - г 3000, къупщхьэ зэпыудауэ - г 100, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 100, пхъыуэ - г 60, бжьыныху укъэбзау э, губгъ уэпхъыу, шыгъуу - узыхуейм хуэдизэ.

Абы щхьэкIэ къэбгъэсэбэп хъунущ Iэщышхуэхэм, Iэщ щIыкIуэхэм я къупщхьэхэр, лы якIэрылъыр кьыкIэрагъэжьа нэужь. Куцl зэрылъхэри зэрымылъхэри джыдэкIэ зэпауд сантиметри 6-8 я кIыхьагъэщ. Ахэр псы хуабэпщIкIэ фIыуэ ятхьэщI. ИтIанэ шыуаным ит псы щIыIэм халъхьэри, пэшхьэкум трагъэувэ. МафIэр ину блэуэ зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр чымчырыкIэ кьытрахыурэ. ЩужькIэ мафIэр ирашэхри, шыуаныщхьэр тепIуэ сыхьэтитх-у хьыкIэ кьагъэкъуалъэ, абы щыгъуи тхъурымбэр кьытрах. Лэпсыр пщхьэкIэ хъуным дакьикьэ тIощIрэ тхурэ-щэщI иIэжу ары халъхьэ бжьыныщхьэ укъэбза (зэрыпсуэ)э, пхъы, губгъуэпхъ, бжьыныхуу укъэбза (хьэдзэуэрэ), шыгъу. Шыуаным ит лэпсыр мафIэм кьытрахыжри, пэшхьэкубгъум трагъэувэ, дакьикьэ пщыкIутхуэтIощI х уэдизкIэ щагъэт, лэпсым нэхъ мэ гуакIуэ кьыхихын щхьэкIэ. Лэпсыр бинт тIуащIэ-щащIэкIэ язык. Абы ирипщI хъунущ хьэнтхъупс, шыпс, ауи уефэ хъунущ.

Шэмэджкlэ пхъэ паупщIыркъым

Шэмэджыр и дамэм телъу кьрикIуэж дадэм, кьыхуэза щIалэр кьеупщIащ:

- Дэнэ укъикIыжрэ, тхьэм жиIэма?

- Тхьэм жиIэмэ, щIымахуэпхъэр кьэзгъэхьэрычэтащ.

- Шэмэджкlэ пхъэ паупщу сщIэркъым сэ, мэкъу еуэу фIэкIа...

- Ар къыщыбгурыIуэкIэ щхьэ укъызэупщIрэ, щIалэ?

●Адыгейхэр мэгушыIэ

Джанэмрэ гумрэ

- Уигу техуа мо ди гъунэгъум джанэщIэ къызэрыщIэгъар?

- Дауэ техуэн, мо джанэ къуэлэнышхуэр мы сигу цIыкIум.

ХьэщIэмыз Биболэт.